

1108

RSD/SA

f 0.50

MANTRI DJERO

BABON BASA SOENDA KARANGANIPOEN

R. MEMED SASTRAHADIPRAWIRA

INGKANG ANDJAWÉKAKEN MAWI SEKAR

R. Rg. WIRAWANGSA



BALÉ POESTAKA

BATAVIA-CENTRUM



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

S



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

Serie No. 1108

S


MANTRI DJERO

BABON BASA SOENDA KARANGANIPOEN

R. MEMED SASTRAHADIPRAWIRA

INGKANG ANDJAWÉKAKEN MAWI SEKAR

R. Rg. WIRAWANGSA



BALÉ POESTAKA — 1933 — BATAVIA-CENTRUM



Perpustakaan Nasional RI




Balai Pustaka

*Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman mitoeroet
Angger ingkang kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600.*



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

I. LAMPAHAN INKGANG KINEKER.

Dangdanggoela.

Woerjaning r h sinawoeng memanis, manggoepita lepijan ing koena, saking Pasoendan asal , tjrita djaman roemoehoen, koerang loewih tri atoes warsi, praptaning djaman mangkja, d n  kang winoewoes, ing tanah Prijangan w tan, ana pradja misoewoer eloh djinawi, moerah sandang lan pangan.

Kongsi dadya pangoengs ning djanmi, saking lijan katrem asesana, pra soedagar reboet engg n, katah andjrak n ng rikoe, gampang d nnja ngoepaja misil, bandan  saja ngrebda, d  nagara ikoe, karan  Nagara Tengah, kang djoemeneng ing kono pangkat dipati, mahambek paramarta.

Goeng ng naki tyasing para dasih, witjaksana poetoos ing wiw ka, tansah loemintoe danan , marma doerdjana miroet, m rang marang sang ambek adil, pradja gemah rahardja, roehara kapoengkoer, geng alit para kawoela, samja reboet mintokken soengkem djrih asih, maring sang adipatya.

Sigeg ingkang pinoerwa ing toelis, kotjap ana sawidjining d sa, kapara adoh prenatal , kalawan koeta maoe, nanging maksih kabawah oegi, marang Nagara Tengah, d n  kang d doekoeh, djeneng  kinarja samar, tan kawroehan asal-oesoel  ing oeni, djanma ikoe neneka.

Samja  woeh d nira ngarani, banget moengkoel d nira sesawah, nadyan mangkono prand n , tansah sinoegoen-soegoen, kin ringan samaning tani, sabab saja katara, sawang-sawoengipoen, doedoe djanma padarakan, pawakan  pideksa angrespat ni, toer poetoos ing kagoenan.

Soegih ngilmoe lair miwah batin, datan pegat dadi pitakonan, satemah pin a pepoend n, wong ak h pada neboet, rama kjai banget ngadj ni, samana katjarita, darb  soeta djaloe, woes ngoemoer limalas warsa, awelagang kalis sak hing sesakit, sinoeng ran Jogjaswara.



Sroe ingoegoeng djinoeroeng sakapti, nanging nadyan goeng ingela-ela, nora menda pametèsé, lamoen woes wajah bangoen, gja ginoegah kinon atangi, ingadjak marang sawah, nggarap lemah gloeproet, kalawan matjoeli tegal, Jogjaswara katon tan nggresah pinardi, tetanèn tjara désa.

Doek samana noedjoe wantji éndjing, Jogjaswara lan soedarmanira, mring sawah kadi adaté, ngambah galengan loenjoe, milangmiling sarwi ningali, pariné woes mrakatak, wenèh djené sepoeh, katempoeh ing samirana, kelap-kelap abjor lir samodra roekmi, mangaloen lémbak-lémbak.

Jata noeli watjana kijai, koeloep mara delengen ngarsanta, pari mangkono lemoené, nganti pada toemijoeng, nandakaké kabotan isi, ikoe moenggoeh wong désa, tan ana kang noesoel, boengah lan gedéning manah, kaja-kaja ora ana kang ngoengkoeli, sasat woes swarga donja.

Moela koeloep boengahé tan sipi, wit mangreti sarta kasipatan, jèn kangèlaning awaké, ana semboelihipoen, dadi nggoné anamboetkardi, adoes kringet ben dina, lèh-olèhé koeroep, moelih kaja kang sinedya, dé katekan pangarep-areping ati, roemasantoek noegraha:

Sakèh toetoer pangaleming tani, kang nenangi tyasirèng atmadja, tibané nora rinèwès, Jogjaswara doek ngroengoe, amitamboeh tan klebwèng ati, mangsoeli semoe soegal, ah jèn koela remboeg, pakarjan tani poenika, sadjatosé kalangkoeng rekaos kjai, awit moeng kebentéran.

Lamoen djawah kodanan ndjedindil, tansah geloet kalijan djeblogan, borèh bleṭok padinané, kijai mèsem moewoes, o lah mesti sabarang iki, lamoen rinasa awrat, koeloep wroehanamoe, sing djeneng èntèng tan ana, kabèh abot lan rekasa dèn lakoni, ananging kadiparan.

Rèhning oerip koedoe namboetkardi, mangka djalaraning sandang-pangan, Jogjaswara lon atoéré, kijai tékad oeloen, wenang nampik toewin amilih, milalah kang sakétja, tan rena maloekoe, dados tani ngolah sawah, mila lamoen wonten kang langkoeng oetami, badé oeloen oepaja.



Sadjatiné kijai woes nganggit, ingkang dadya kaleteking anak, tan seneng lakoe tetanèn, nanging tansah sinamoer, èsmoe kagèt goet-goeten angling, elo teka mangkana, koeloep panemoemoe, apa kokira wong désa, ingkang pada nggaroe-mloekoe ngolah boemi, ikoe doedoe wong moelja.

Ngong toetoeri mengko sira kaki, nora ana pagawéan donja, kang ngoengkoeli wong tetanèn, brekahé toempoek oendoeng, ajem tentrem saari-ratri, koeloep sanjatanira, ngong iki wis tjoekoep, dladjahi kabèh gawéan, dadi pjaji dadi dagang ija oewis, ananging kawroehana.

Kabèh pakarjan ing donja iki, jèn winawas jekti nora béda, tegesé kang agegramèn, nenoekang nggaroe-mloekoe, dadi pjaji pada ndarbèni, panggajoh kaoetaman, lan senenging kalboe, kang dadya mareming gesang, lah mangkéné moenggoeh terangé bab iki, kajata kang njoedagar.

Lamoen barang dagangané laris, bebatèné tansah moendakmoendak, loeloes doemroendoeng lakoené, sing oetang pada njaoer, kaja apa rasaning ati, déné ta kang nenoekang, garapané rampoeng, notjogi lir kang djinangka, kaja apa seneng lan mareming ati, jekti tanpa oepama.

Mengko ingkang pada dadi pjaji, sabeneré ngloewihi rekasa, awit gedé tanggoengané, djalaran oeripipoen, koedoe bisa njrateni nginggil, koedoe ngemong ing ngandap, sisip-sembrir kodjoer, moeng tansah dadi toetoehan, ndoewoer doeka ngisoré moeng pada sengit, apa ora kijamat.

Nanging ingkang waspada lan trampil, bisa weroeh roengsiting lelakjan, tindaké moeng sarwa sarèh, sinemboeh tyas kang djoe-djoer, nora pegat pangati-ati, kang aloes mjang kang ganal, kabèh woes kawengkoe, bisa kena kéné kana, ngisor-doewoer pada awèh trimakasih, gampang oendaking dradjat.

Seneng apa ingkang dèn oelari, moela sira adja kliroe tampa, kabèh ikoe satemené, tan ana bédanipoen, dadi sira adja ngarani, jèn pakarjan nenoekang, njoedagar lan matjoel, ikoe pagawéan nista, ora kaja kang pada dadi prijaji, o kabèh ikoe pada.



Amoeng walak-walak kang nglakoni, endi ingkang dadi senengira, pakarjan salah sidjiné, kang bisa anenoentoen, oetamané déra doemadi, djogé mring katentreman, seneng ing tyas moengkoel, Jogjaswara doek miarsa, tan mangsoeli ana katjatet ing' ati, déné soedarmanira.

Wetja lamoen tilasing prijaji, pjaji apa doek apa dadinja, ana ing endi doenoengé, wit sadjegé toemoewoeh, Jogjaswara doeroeng oedani, moeng nèng désa sesawah, tani bentil moengkoel, nora taoe loenga-loenga, sroe kagagas paran kang dadya wigati, temah sang Jogjaswara.

Wiwit ikoe kapéngin meroehi, wewadi kang ginémbol ing bapa, dèn tjoendoekken kaanané, kaja na èmperipoen, jèn kijai tilas prijaji, awit nadyan wong désa, béda tjaranipoen, tatakramané ja béda, lan wong akèh katon mandjila ngidjèni, mamboe traping ngawirja.

Lawan saban-saban soeng pepéling, koeloep poma sira jwa ka-lépjan, tjateten ing salawasé, sanadyan sira ikoe, moeng anaké wong désa tani, adja pisan aninggal, tatakrama koeloep, djer ingkang sineboet darah, ikoe mesti doh tjedak bakal noemoesi, dadi tan bisa sirna.


Lir kantjana kang pinendem lami, nadyan reged kaboentel bantala, jèn ginosok ja mantjèrèt, bandjoer goemebjar mantjoer, déné lamoen arsa meroehi, moerniné kang kantjana, linèlèr roemoehoen, katara ing solahbawa tindak-tandoek dadi panengeran kaki, tan kena tininggala.

Lamoen kongsi tilar silastoeti, ingèseman marang pra bidjaksa, ngégla katongton soedrané, mangkono kang pepémoet, miwah lamoen sela ing kardi, Jogjaswara winoelang, noelis mjang' tinoentoen, amatja sakèhing wédða, Jogjaswara tanggaping sasmita lantip, baoed kridaning sastra.

II. KADATENGAN PANGAGENG.

Sinom.

Kotjap woes antara dina, Jogjaswara anèng sabin, kalawan soedarmanira, ndjenengi wong' ani-ani, bebantoe analèni, ngagemi pari tinoempoek, jata ana kang prapta, saking kadohan kaèksi, djanma prija abregas boesananira.



Jogjaswara doek oeninga, ngira jèn doedoe wong tani, katitik solah tenaga, kaja prijaji nagari, lakoéné angandegi, anitipriksa djro goeboeg, doepi parek tarwatja, kang prapta ikoe prijaji, golongané pradjoerit pangkat adjidan.

Anoeli bagja-binagja, sesalaman lawan kjai, sawoesé atata lenggah, kijai anoengsoeng warti, adjidan amangsoeli, tekané angemban dawoeh, saking panggedénira, jèn arsa rawoeh mriksani, kanaaning sawah miwah désa-désa.

Wong tani kinèn sadija, angoempoel dadi sawidji, anèng satjedaking désa, kabèh woes pada miranti, pakoermatané béndjing, kajata kang oemboel-oemboel, rontèk nggeng-nggeng pinasang, oeroet satepining margi, djanoer koening boental tinrap ing gapoera.


Tetaboehan warna-warna, kotékan lesoeng tan kari, kalawan binoedjakrama, marma koedoe angoeroeni, wong désa sidji-sidji, tinamtokken oeroenipoen, malah kijai oega, kenèng pasoembang nganani, djago teloe endog salawé lan beras.

Jèn pari koedoe sasangga, kijai noeli ngatoeri, katampakaké kabajan, sang adjidan noeli pamit, doepi woes tan kaèksi, Jogjaswara alon moewoes, tannja maring soedarma, kjai moegi andjarwani, sinten ingkang badé rawoeh titipriksa.

Pangageng pangkat poenapa, koela kepéngin oedani, déné geng koermatanira, kijai aris mangsoeli, lah kawroehana kaki, praja-goeng kang bakal rawoeh, ikoe pangkat wadana, wewakilé sang dipati, kang kawasa nindakaké papréntahan.

Jogjaswara tansah nggagas, wah saiba kang nglakoni, dadi prijaji mangkana, kaja pa rasaning ati, méndah mongkoking pikir, mrana-mréne ginaroebjoeg, kabèh moeng njoeba-njoeba, sabarang préntahé dadi, Jogjaswara kawedar toéré mring bapa.

Doeh kjai poenapa koela, inggih saged dados pjaji, kados kang badé toemedak, mriksa doesoen miwah sabin, koela sanget kepéngin, kjai mèssem doek angroengoe, aroem widjiling sabda, o bener oedjar-moe kaki, mesti seneng wong dadi pangkat mangkana.



Nanging jèn wong kaja sira, doewé panggajoeh kepéngin, ikoe bebasané kaja, ambalang lintang ing langit, mesti nora doemoegi, toewas-toewas tanpa oewoes, wosé nora katekan, sabab kang bisa doemoegi, pes-apesé ikoe koedoe isih darah.

Ja toeroening kartijasa, kadjaba darah prijaji, koedoe soegih pangawikan, kanggo praboting prijaji, ananging jèn ngélingi, pangandikané pra sepoeh, sapa kentjeng tékadnja, kalawan lakoe kang soetji, soewé-soewé ija bakal katarima.

Adja manèh kaja sira, ora kalakona kaki, darbé pandjangka mangkana, tjatjak anaké wong ngarit, jèn temen nggoné mboedi, ija ana ingkang kaboel, mangka saloegoenira, kalamoen si bapa iki, satemené kandeg dènira watjana.

Èsmoe gegetoen ing nala, kijai tyasira kéngis, Jogjaswara sroe kampita, noeli njoewoen dèn djatèni, toeroen poenapa kjai, padoeka teka ing semoe, mengkoe wados mring koela, kijai lémbatan angling, sira ikoe ija toeroené wong tenan.

Samengko lagi winajang, ginawé lakon lé oerip, Jogjaswara wroeh ing oelat, kandeg pangoengseding wadi, sigeg genti winarni, kotjapa doepjéndjangipoen, sakèhé wong padésan, ramé samja namboetkardi, ana ingkang djaga-djaga pinggir marga.

Ana kang nggaroebjoeg mapag, meoek sadjabaning kikis, sawenèh para wanita, gegrombolan angentèni, nggoné arsa naboehi, kotékan anatab lesoeng, tangèh jèn winitjara, oentaping wong djaloe-èstri, ting baleber ngalor-ngidoel tata-tata.

Petjat sawed wajahira, panggedé prapta dèn iring, djinadjaran kéri-kanan, nitih koeda amantesi, pra oemboel mjang patinggi, kamitoewa loerah doesoen, samja wahana koeda, sawenèh angiring-iring, djodang ténong ndoeloer nèng woeri loemampah.

Tan dangoe wong agoeng prapta, ngarsaning gapoera kikis, kinoermatan tetaboehan, moenggang kodok-ngorèk moeni, kadi pangantèn panggih, binaroeng kotékan oemjoeng, djog moedoen saking koeda, gja mandjing tetaroeb asri, lenggah anèng koersi lir péndah srinata.



Ingadep patinggi loerah, djedjel wong samja ningali, woelsing aso sawatara, sang wadana gja mirsani, kaananing wong tani, tindaké tansah ginroebjoeg, pasemoné karenan, mirsa palataran resik, omah-omah katoné tata prajoga.

Sarta andangoe mring loerah, kaprijé ing mangsa iki, apa wong-moe kéné pada, kemeton nggoné sesabin, atoeré pra patinggi, noen inggih kawoela doesoen, sadaja kemedalan, karja jeming kawoela lit, lan pangèstoe padoeka sami rahardja.

Tjinendak tjaritanira, sarampoengé aneniti, prajagoeng kondoe boebaran, rerontjèné tan winarni, kotjapa doek praptaning, pangageng nèng kikis doesoen, Jogjaswara toemingal, weroeh kawibawan loewih, tyas kapéntjoet kadereng antoecka pangkat.

Katetangi sroe kasmaran, rina-wengi tansah kèpi, tjinandèt sangsaja ndadra, andaroeng tan kena lali, poewara djroning ati, moeng éwa mjat garoe loekoe, kjai nggraitèng nala, krenteging soeta katawis, ngangkat brai anggajoe dradjating éjang.

Nora pisan winaonan, malah ingoenggar dinangir, djinoeroeng ing poedjamantra, mrih kaboela kang kinapti, tinètèr tinatari, pamangoening toetoer nggaloer, mangka srananing lampah, mrih tan kandeg ing pangoengkih, kekerané antoecka wahjoe kamoeljan.


III. AMBIKAK WEWADOSING LELAMPAHAN.

Pangkoer.

Kotjap woes antara lama, Jogjaswara pinardi mring kijai, sakèh kagoenan mjang kawroeh, karasoek djro wardaja, tan koetjiwa nampani woelang kang loehoeng, noedjoe ngadepi soedarma, ing kono gja dèn takoni.

Anakkoe nggèr Jogjaswara, sadjatiné si bapa wis mangreti, apa kang dadi krentegmoe, lan akoe ija ngrasa, lamoen sira tan pantès dadi wong doesoen, lakoe tani ngolah lemah, moela jèn pantjèn kapéngin.

Dadi prijaji nagara, ikoe akoe banget anajogjani, déné ta bisané kaboel, panggajoe kang mangkana, sira koedoe ngleloeri laboehanipoen, leloehoermoe kang woes swarga, nggoné mranata nagari.



Kalawan nggoné maréntah, lan samengko tan preloe ngong padjari, moenggoeh ing asal-oesoelkoe, djalaran tanpa goena, jèn ngong wedar moendak moeng gawé tekaboer, baroebahing pikirira, soeprandéné ija betjik.

Jèn wadikoe dakwetjakna, marang sira rèhning sira ndarbèni, panggajoech kang loewih loehoer, soepaja pikirira, woewoeh kandel manteping tékadmoe koeloep, nanging poma wekasingwang, jwa kongsi sira baribin.

Marang salijaning djanma, wit oepama kaprodjol wadi iki, tan woeroeng kenèng bebendoe, gampang nemoe bebaja, Jogjaswara prasetya tan nedya toetoer, kalamoen woes djinarwanan, jekti moeng tansah piningit.

Sakala noeli wineḍar, lah roengokna koeloep kandakoe iki, sira rak wis kerep kroengoe, akèh wong arerasan, jèn koeloning pradja kéné iki koeloep, ja ana manèh nagara, kang misoewoer loh djinawi.

Karan ing Soenijawenang, kang mengkoni pradja pangkat boepati, lah ija ikoe éjangmoe, wong toewané si bapa, anggentosi lenggahé éjangmoe boejoet, dadi jèn éjangmoe séda, si bapa kang anggentèni.

Angerèh Soenijawenang, wit si bapa poeta sepoeh pribadi, nanging bareng rama soeroed, kang diangkat goemantya, dadi kangdjeng boepati djeboel adikoe, sabab midjil saka garwa, sira mesti wis mangreti.

Rasaning ati kaja pa, nanging toemrap akoe nora dakpikir, nora pisan doewé mesgoel, déné kang ngganti bapa, tan kalija lah sing dadi wong adikoe, moela pepoentoning nalar, ngong poepoes narimèng takdir.

Nadyan tan dadi boepatya, djroning ati nora darbé sak-serik, maoené koeloep pikirkoeh, ija amoeng kapénak, sabab saben dina senengé anoetoeg, toer moeng sarwa kasembadan, wong akèh pada ngadjèni.

Pinada lan ariningwang, tan binéda pada poeta boepati, nanging wèting djagad rawoeh, tan kena sinélakan, nora langgeng



kabèh kang goemlar kadoeloe, jekti koedoe owah-owah, si bapa nora lestari.

Bandjoer katradjang paékan, dipitenah marang wong drengki djail, ana sing matoer wewadoel, marang kang mengkoe pradja, diatoerké jèn akoe nedya angreboet, kepéngin dadi boepatya, satemah kang dèn wadoeli.

Andawoehaké dedoeke, sabandjoeré si bapa disengiti, sapolah-tingkahkoe koeloep, moeng tansah ingéwanan, nganti akoe kalakon tan metoe-metoe, moeng mempen anèng djro wisma, lan ora tilik-tinilik.

Kotjapa sawidji dina, kang pangoeloe prenah misanan mami, tilik menjang ing omahkoe, katon banget soengkawa, angandani jèn bakal ana pakéwoeh, si bapa arsa binesta, ginropjok tjinara maling.

Mengko bengi praptanira, kadjineman sikep toembak lan bedil, sawenèh anggawa dardoeng, bareng kroengoe mangkana, sanalika si bapa nedya anglaloe, nglawan tan étoeng palastra, nanging bandjoer direrapih.

Iboe dawoeh kinèn sabar, adja kongsi si bapa nglampoes diri, djalaran karoban moengsoeh, sajekti nora nangga, kadjabané mangkono saroe dinoeloe, déné tjongkrah lan soedara, kalakon si bapa lilih.

Lan ing bengi maoe oega, pra djineman kang pada nggropjok mami, pada prapta goemaroebjoeg, nanging akoe woes ontjat, lan iboemoe lolos singidan anjlamoer, olèh pitoeloenging Allah, slamet lakoekoe nèng margi.

Tan ana djanma kang njana, bareng oewis metoe sadjaban nagri, lakoekoe karo iboemoe, nora angambah dalan, nasak-nasak rina-wengi noesoep-noesoep, djindja manawa konangan, tan koerang kawelas-asih.

Soewéné nganti satjandra, woesianané teka ing kéné iki, maoené soemedya nglantoer, loenga sing adoh pisan, nanging rèhné akoe kroengoe jèn wong agoeng, kang mengkoe Nagara Tengah, jèkoe kangdjeng sang dipati.



Ambek adil paramarta, asih marang wong kang pada kaswasih, moela akoe bandjoer ngéjoeb, kandeg nèng kéné krasan, praptèng mengko wis ana rongpoeloeh taoen, slamet tanpa sambékala, déning tansah ngong kikibi.

Dadi nora kawistara, jèn si bapa isih darah boepati, dalah djengngoe tan ngakoe, ora ana wong wikan, satemené djenengé si bapa ikoe, ja radèn Wiraoetama, simpenen ingkang arempit.

Lah saiki nijatira, ngong djoeroengi lan ana wekas mami, sira ngawoelaa koeloep, marang Nagara Tengah, nora kéténg dadi panjapoe pangangsoe, antepana adja ginggang, manawa ing tembé-woeri.

Ana kanoegrahaning Hjang, sapa temen bakal tinemoe kaki, nanging mrih oetamèng lakoe, sira poeroeita, mring Djenggala pondok goeng kang wis misoewoer, sira sraha djiwa-raga, lawan kjai Abdoel Moehni.

Njoewoena brekah piwoelang, ngilmoe lair sartané ngilmoe batin, darapon dadi wong poendjoel, soegih tepa toelada, bisa kamot ala-betjik kabèh kleboe, soemingkir saking doeskarta, roemeksa loehoering boedi.

Sampating sabda oetama, Jogjaswara dahat leganing ati, mèstoeti djaring wong sepoeh, lir sinepoeh tyasia, pama toeroes agring kadresan ingkang troeh, semi idjo amardapa, tinon wèh jeming doemadi.

IV. JOGJASWARA POEROEITA DATENG DJENGGALA.

Asmaradana.

Kotjapa ing wantji éndjing, kijai kalawan garwa, noedjoe lenggah anèng ngambèn, Jogjaswara marek ngarsa, pamit iboe lan rama, arsa pangkat mèstoe dawoeh, mring Djenggala poeroeita.

Woesing ngoedjoeng jajah-wibi, njoewoen pangèstoening marga, kijai lon andikané, anakkoè nggèr Jogjaswara, ora liwat si bapa, sakaroné lan iboemoe, moeng djoemoeroeng poedji ardja.



Gampanga kang sira èsti, tekaa kang sira sedyā, dèn dohna sambékalané, rinaketna soekawirja, wis nggèr noeli pangkata, njandoenga tjepaka swakoel, gja pangkat sang Jogjaswara.

Lepas lampahé woes tebih, kang tininggal anèng wisma, mangoe-mangoeneng drijané, sigeg genti tjinarita, pondok goeng ing Djenggala, ramé para santri koempoel, angadji kitab mjang koerän.

Samja kagèt doek oemèksi, praptané sang Jogjaswara, doemrodjog langgar djoedjoegé, jata nalika samana, dapoer kapasang jogja, kjai Abdoel Moehni loenggoeh, nèng kono sedeng memoelang.

Kandeg andoeloe kang prapti, gita-gita ingatjaran, sawoesing tata loenggoehé, kijai anilakrama, hèn koeloep praptanira, apa ta pada rahajoe, lan saka ing ngendi sira.

Sapa kekasihmoe kaki, lah mara agé djarwaa, kang liningan lon atoeré, angsal pangèstoe padoeka, inggih sami rahardja, koela laré saking doesoen, widjil alit soedra papa.

Déné kang soedi mastani, Jogjaswara nama amba, tan darbé sanak-sadèrèk, aprasasat laré lola, nglambrang saparan-paran, sowan koela sang linoehoeng, soemedyā mangèstoe pada.

Jèn wonten loentoering kang sih, oeloen njoewoen angawoela, inggih sagawé-gawéné, lawan anjoewoen piwoelang, angadji kitab koerän, toewin sakatahing ngilmoe, sampoernaning gama Islam.

Dangoe kjai Abdoel Moehni, anjawang kang anjar prapta, ana karasa djro tyasé, trah ngawirja njamoer lampah, jata noelja ngandika, lah ija jèn sira koeloep, narima saananira.

Sabab ta ing kéné kaki, tangèh antoek kaloewihan, destoen moeng lowoeng njatané, delapé kang pada teka, wit djatiné si bapa, moeng santri walaka koetoeng, adoh ingaran sampoerna.

Tjinendak kang wawan angling, katrima dènnja njakabat, Jogjaswara nèng pasantrèn, adedasar anor raga, lantip graitanira, sakèh woelang glis katjakoep, katjèk lawan santri katah.



Nèng kono dèn adji-adji, kabèh kantja pada tresna, datan kotjap antarané, kijai saja sihira, wineleg ing piwoelang, kitab ingkang loehoer-loehoer, ingadjaraken katjoepan.

Kawroeh Islam woes moempoeni, karja éraming pra kantja, santri-santri barakané, woewoesen sang apilenggah, darbé soeta sadjoega, wanita warnané ajoe, woes ngoemoer patbelas warsa.

Nedengé ngangkat birai, sinoeng ran rara Halimah, tansah dadya kembang lambé, para santri kèh kasmaran, dahat dinama-dama, jajah-réna moeng angoegoeng, wantoening poetra sadjoega.

Sang kenja satoehoe loewih, bisa mèt tyasing pra siswa, temah katrem seneng tyasé, moengkoel antoek sesawangan, bérag katon soemagah, nèng pondok roemasanipoen, tan béda ngomah prijangga.

Waoe kjai Abdoel Moehni, mijat ing poetra wanodya, katon woes diwasa mangké, langkoeng roedatining manah, moerih slameting lampah, sang kenja kerep tinantoen, manawa na kang kapadan.

Salah sawidjining moerid, santri anaking soedagar, apa sing poetra panggedé, kang dadi tjondonging nala, sang rara atoerira, dèrèng darbé nijat mrikoe, maksih rena mong sarira.


Panoewoené sijang-ratri, maring hjang kang moerwèng titah, bèndjang praptaning mangsané, antoeka djođo kang timbang, prija ingkang oetama, donja-kérat roentoeng-roentoeng, marma tyasé doh mring prija.

Djatiné woes anjaket, pepestèn tjalon timbangan, aprasasat ésoek-soré, woes koempoel dadi saomah, nanging doeroeng ka-boeka, ngentèni mangsané bésoek, nora woeroeng kalaksanaan.

V. AMBOEKA WAHANANING SOEPENAN.

Midjil.

Jogjaswara woes lama anjantri, tyas woewoeh soemrowong, sabèn dina miloe njamboetgawé, lan kantjané giliran mring tegil, mjang lijaning kardi, tan soelajèng kajoen.



Ana sidji kantjané angadji, santri joetoen boḍo, nggoné ngèngèr nèng pondok wis soewé, nanging tjoebloek saking tjoepet boedi, moeng atiné betjik, arané si Boeloes.

Anèng pondok tansah dèn sambati, mring kantjané kinon, dadèk geni sarta ngliwetaké, ora nggresah seneng anglakoni, si Boeloes sroe asih, mring sang namoer lakoe.

Jogjaswara oega animbangi, welas mring si boḍo, goelang-goe-loeng wong loro istané, lir bandara kalawan si abdi, samana noedjoni, giliran mematjoel.

Anḍangiri tandoeran ing tegil, katjang lombok térong, Jojaswara ikoe sabeneré, kang kwadjiban koedoe anandangi, nanging dèn soelihi, mring santri si Boeloes.

Sabab Boeloes tan lila ing ati, jèn wroeh karja abot, kang ginarap marang ing mitrané, Jogjaswara moeng miloe noenggoni, nèng kono mandori, si Boeloes kang matjoel.

Wajah goemateling soerja éndjing, swara gotjrag-gatjrog, Boeloes katon goemrobjos kringeté, sinengkakken tan soewé kaèksi, Boeloes pringas-pringis, awaké alesoe.


Krasa sajah gja lèrèn marani, sor oewit kang ajom, Jogjaswara welas atetakon, priyé Boeloes apa wis doemoegi, ora tandoek maning, nggonira mematjoel.

Boeloes mrengoet ndjengèk amangsoeli, é mbok tjoba kono, doepèh ora anglakoni baé, hara engga nika mang patjoeli, moeng kantoen sakedik, nika sisih kidoel.

Sroe goemoejoe Jogjaswara angling, lo adja mengkono, koewi harak karepira déwé, akoe ora akon anjoelihi, Boeloes tan mangsoeli, moeng abekah-bekoeh.

Sigeg ingkang lagja namboetkardi, kotjapa sang sinom, bijadaning Djenggala woes soewé, ngintip-intip mring sang anjar prapti, tyas kongkih kalindih, mangangkah mrih wanoeh.

Sira rara Halimah woes ngrakit, daharan miraos, sesegeran kalawan wédang tèh, noelja ngoendang embané kinasih, sarta dèn wartani, kinetik ing remboeg.



Ana ingkang dadya woding ati, kang noedjoe nèng kebon, mesakaké tan ana kang nggapé, sarwi mèsèm sang rara dènnja ngling, mbok gawanen iki, atoerna sang bagoes.

Tan lenggana mbok emban loemaris, sarwi mbopong ténong, isi dèdahan lan wédang tèh. roedjak degan oega nora kari tan dangoe loemaris, samana woes rawoeh.

Tjoendok lawan kang sinedyèng kapti, djog prapta andodok, Jogjaswara kampita manahé, déné ana wong wadon nekani, mring oenggjané linggih, toer nggawa toer-atoer.

Nimbok emban tinanja aririh, saking poendi embok, angregijeg kajah bebektané, mèsèm modjar mbok emban ngoengkabi, ténongé kang isi, daharan kekintoen.

Koeningana anggèr koela niki, embané sang sinom, raji ndika sekaring pasantrèn, poetranipoen ramanta kijai, ingkang akekasih. Halimah sang ajoe.

Déné sowan koela wonten ngriki, ingoetoes sang sinom, kang sapisan kinèn ngatoeraké, sembah bektinipoen kaping kalih, ngatoeri pakirim, daharan tan patoet.

Amoeng lowoeng kanggé tandaning sih, djampining kaleson, roedjak degan kalawan wédang tèh, rèhning wiwit éndjing namboetkardi, kanggé djampi salit, jwa sanget angoengsroeng.

Lah soemangga sakarsa sang pekik, Jogjaswara ndjomblong, teka nora njana nora ndimpé, katibanan noegraha saardi, kagagas tanpa wis, poewara kawengkoe.

Wangsoelané kang kablabak ing sih, noewoen-noewoen embok, oematoera mring sang rara mangké, pakintoené sampoen koela tapi, moegi anoemoesi, sihé saja woewoeh.

Sira Boeloes soekané angenting, déné weteng angglong, sindijan dèdahan akèh, sarwa énak goemoejoe ndjegigik, hih kabegdjan koewi, sapa ta sing weroeh.

Nora loepoet petèkkoe wis mesti, bakal ana ténong, mara dèwé djeboel saikiné, dora-dasih djedoel anètèsi, baja woes pinesti, toek-toekané gafoek.



Tan pinandjang kang kataman ing sih, samana kalakon, ni Halimah lan kang wèh wiragé, sarawoengan lakoéné aremit, nging tansah ngélingi, kalih-kalihipoen.

Nora kena gepokan saṭitik, sarak maksih pengkoh, dèn éstokken kabèh wewaleré, dadya amoeng sesetyan asaksi, boemi miwah langit, ora rabi bésoek.

Jèn tan daoep lawan woding ati, ni Halimah loemoh, laki antoek wong prija lijané, binoendelan tjinitak djro ngati, maṭem anoehoni, sagoehé kinandoet.

Sigeg ingkang asesetyan kalih, jata katjarijos, Jogjaswara doek anéndra idjèn, nora awor lan kantjané santri, bareng woes mèh éndjing, soepena kadoeloe.

Nèng kanané noedjoe bengi-bengi, arsa mèt iwak loh, mawa djala sapraptaning lèpèn, antoek iwak loh mawarni-warni, winadahan kepis, nganti kebak moendjoeng.

Rèhning dangoe akoengkoem nèng warih, katisen ndarodog, woesana wroeh ana geni gedé, pinaranan noelja api-api, samantara poelih, sirna atisipoen.

Soekaning tyas datanpa oepami, samana gja anon, wajah ésoek woes katon soerjané, nora soewé soemelèt manasi, temah riwé midjil, saking angga koemjoes.

Sanalika garagapan tangi, neboet asmèng manon, èngget soepenané wèntèh-wèntèh, kotjap doepi saboebaring ngadji, kaderenging ati, gja ngadep ki goeroe.

Ngatoerken kang kasoepenèng ratri, lan njoewoen pitoedoh, paran ingkang dadya wahanané, awatjana kjai Abdoel Moehni, o impènmoë koewi, betjik kang tinemoe.

Bakal antoek pangawoelan béndjing, lan sira nakingong, sinampiran pangwasa kang gedé, nanging ana pepalang saṭitik, sira dèn panasi, marang ing kantjamoe.

Jogjaswara doepi amiarsi, sabdèng sang kinaot, katatangi marang panggajoehé, roemasantoek wewengan samangkin, pepoentoning ati, mantep kang kinajoen.

Jogjaswara woesé dèn wetjani, tyas dahat tjoemeplong, matoer noewoen kapoendi dawoehé, kjai noeli angandika malih, apa sira kaki, ndarbèni panggajoeh.

Nedya ngawoela wong agoeng nagri, soekoer jèn mangkono, Jogjaswara alon ing atoeré, walèh-walèh poenapa kijai, kalangkoeng kepéngin, soewita wong agoeng.

Mbokmanawi saged andjalari, toek noegrahèng manon, kadi ingkang oeloen kadjataké, mila bilih kjai angidèni, koela njoewoen pamit, anoeroeti kajoen.

Nedya méntar doemateng nagari, neroesken lelakon, tan ljan amoeng njoewoen pangèstoené, brekah toewan kang tansah ngong poendi, moegi anjamadi, dateng djasad oeloen.

Kinaboelna sakrenteging ati, kjai manabda lon, ija kaki ingong djoeroengaké, moega-moega Allah nembadani, katekana kaki, apa sakadjatmoe.

Ora liwat bapa moeng njangoni, slameting loengandon, Jogjaswara gja ngraoep padané, kjai goeroe woelsing mangendjali, sinabdan basoeki, Jogjaswara moendoer.

Wangsoel malih mring pondok kapanggih, lan si santri bodo, sira Boeloes asoeka manahé, atetannja waoe saking poendi, déné ngantos lami, koela boten weroeh.

Jogjaswara mèsèm sarwi angling, Boeloes maoe ingong, ngadep kjai njoewoen pitoedoehé, wahanané impènkoe dèk bengi, ja wis dèn djarwani, betjik kang tinemoe.

Anotjogi lir gajoehan mami, kang tansah dakgémبول, sadjatiné Boeloes akoe kijé, nedya loenga marang ing nagari, arsa angoelari, paswitan wong agoeng.

Mbokmanawa bisa andjalari, kanoegrahaningong, sira Boeloes kapiloejoe tyasé, jèn makaten koela najogjani, jèn ndika tjondangi, koelarsa toemoetoer.

Jogjaswara alon amangsoeli, banget boengahingong, soekoer-soekoer dé ana réwangé, lan samengko pajo amiranti, lan pamitan disik, karo kang sok ngintoen.



Jogjaswara noeli apepanggih, lan koesoemèng ponḷok, tan oetjapen dènira sesangèn, woesé pada sesetyan wong kalih, lan andoem basoeki, pisahé lir getoen.

VI. KÉSAH NGOEPADOS PANGAWOELAN.

Kinanti.

Doek samana boebar soeboeh, wong loro woes amiranti noelja sami sesalaman, lawan kantja para santri, rata tan ana kliwatan, kabèh mandjoeroeng basoeki.

Jogjaswara lan si Boeloes, boedal lampahé lestari, maroepoet hawaning éndjang, seger roemasoeking diri, kapoengkoer pondok Djenggala, woes ngambah djabaning kikis.

Wong loro aroentoeng-roentoeng, ngliwati sawah lan tegil, noelja angantjik beboelak, soerja goematel kang wantji, sineroe ing lampahira, jèn sajah rèrèn wong kalih.

Tjarita dènnja loemakoe, datan winarna ing toelis, nèng marga tanpa sangsaja, kongsi antoek kalih ratri, jèn daloe sipeng nèng marga, jata woes praptèng nagari.


Ngaloen-aloen kang djinoedjoeg, rèhning katembèn oedani, marang wewangoenan pradja, samja goemoen wong kekalih, moeng gèdèg-gèdèg kéwala, tatkala pada meroehi.

Paraboté wong ginantoeng, kang samja dosa nglakoni, tanpa oekoeman nagara, andjegrig akirig-kirig, tan antara ana djanma, abdiné sang adipati.

Noedjoe ngoembar koeda bagoes, jèkoe pak Soera kang nami, loerah gamel pangkatira, tjinaketan dèn takoni, Jogjaswara temboengira, nor raga angasih-asih.

Koela kalilana matoer, bapak jwa dados panggalih, rèhning koela laré désa, poenika nagari poendi, kang tinannja saoerira, Nagara Tengah poeniki.

Ndika nikoe sinten ta goes, teka kaja anjar prapti, Jogjaswara awatjana, koela poenika wong tebih, santri saking ing Djenggala, pados pangéngéran mriki.



Soekoer jèn saged kaleboe, soewitèng ngarsa djeng goesti, pak Soera noelja wawarta, tjoba ndika anemoni, kekasihé sang dipatya, djoeroe gedong mbokmanawi.

Lah engga andika toemoet, koela irid amanggih, Jogjaswara dahat soeka, pak Soera noentoen toeranggi, binekta marang gedogan, sawoesé noelja kapanggih.

Lan djoeroe gedong oematoer, kjai koela toer oedani, ing djawi wonten djedjaka, jèn pareng badé angabdi, soemangga dipoen dangoea, poenika kawoela irid.

Kang prapta gja kinèn madjoe, djoeroe gedong doek ningali, mring sira sang Jogjaswara, resep karenan ing ati, déné katoné sembada, kaja doedoe trahing tjilik.

Samana noeli dinangoe, tolé sira saka ngendi, kalawan anaké sapa, kaja toeroening prijaji, lah sapa panengranira, oematoer kang sinoengan ling.

Kawoela kjai saloegoe, anakipoen tijang tani, saking pondok ing Djenggala, Jogjaswara wasta mami, déné pisowan kawoela, wonten ngarsanipoen kjai.


Pasrah pedjah-gesang oeloen, sageda koela angabdi, tan kéténg dados pagoendal, badé kawoela lampahi, kalajan setyaning manah, djoeroe gedong wlas ningali.

Ija ta jèn sira koedoe, kapéngin dadia abdi, apa kira-kira bisa, sira ngopèni toeranggi, kagoengané sang dipatya, kang kaja pak Soera iki.

Jogjaswara alon matoer, soemangga kéwala kjai, koela moeng manoet sakarsa, djoeroe gedong noeli angling, marang pak Soera mangkana, hèn pak Soera botjah iki.

Kantinen dadi antèkmoe, woelangen njekel toeranggi, kalawan sira weroehna, pangopèné saben ari, wis saiki djaken mrana, nèng toenggoné kana boeri.

Tan warnanen sang mlas-ajoen, saben dina namboetkardi, tansah tinoentoen pak Soera, ngopèni titihan goesti, nora soewé woes pralebda, mring pangolahing toeranggi.



Katrima pakarjanipoen, kaoeningan sang dipati, Jogjaswara tinimbangan, sartané dipoen dawoehi, dadya abdi panakawan, sinoeng karja ngampil-ampil.

Tjinaket paswitanipoen, kerep ndèrèk sang dipati, saja kandel pinartjaja, sabab woes kerep katitik, limpad pasang ing grait, lantip beboedèné mintir.

Ing sawidji dina noedjoe, karsaning sang adipati, dawoeh lenggah magelaran, ngoempoelken sagoeng prijaji, sapradja sowanan pepak, arsa ngremboeg karjèng nagari.

Kadi adat kang tinamtoe, lan ana remboeg wigati, tjinendak kala samana, sakatahing para pjaji, woes pepak sowan maglaran, oeroet bebandjengan linggih.

Atata sadjoeroe-djoeroe, soepenoeh djedjel apipit, ngoengkoeling saban-saban, antara djam sanga éndjing, moengel ponang tetaboehan, ngoermati sang adipati.

Tedak mijos ginaroebjoeg, pepak ingkang ngampil-ampil, kapraboning adipatya, djinadjaran para abdi, sapraptaning pagelaran, lenggah ngedangkrang nèng koersi.

Kang lenggah kapara ngajoen, toewanggananing nagari, dyan patih kalawan djaksa, sinamboengan para mantri, sinisihan pra ngoelama, sadaja sami anangkil.

Woesé sang dipati ndangoe, karahardjaning nagari, mjangka woela tani désa, noeli dawoeh awewarti, jèn woes nampani nawala, saking raka sang dipati.

Ing Kawasèn oengelipoen, mitoeroet oengeling dasih, kalamoen nagri Mataram, ngoempoelken sagoeng boepati, satanah Djawa sadaja, praptané sami ngèstrèni.

Anggoné djoemeneng ratoe, Panembahan Sénapati, ija dyan Soetawidjaja, mengkoni satanah Djawi, ngadatton anèng Mataram, mangké raka sang dipati.

Koemoedoe amoendoet remboeg, paran kang loewih prajogi, salameté linakonan, sarèhning teloeng nagari, Kawasèn Nagara Tengah, lan Galoeh tan pati tebih.



Apa betjik pada miloe, sowan mahargja ngèstrèni, ngatonken sih soengkemira, oetawa moengkoer tan prapti, lah kono pikiren pada, tjep kèndel sang adipati.

Kang soemiwi tyasé kadoeng, èmeng kaworan prihatin, andèdep sapanangkilan, tan antara kjai patih, matoer sarja awotsekar, doeh goesti sang adipati.

Manawi pamanggih oeloen, prajogi boten ndatengi, sawastoe datanpa goena, padoeka toemoet ndjenengi, ngatonken sih soengkem toewan, maring kang djoemeneng adji.

Kadjawi boten kawengkoe, njatané padoeka goesti, inggih dèrèng sarawoengan, preloe poenapa ginalih, sang adipati ngandika, marang kang samja anangkil.

Lah kabèh paran remboegmoe, kang séwaka saor paksi, goesti sadaja moepakat, kadi atoeré ki patih, sang dipati gja paréntah, karja angsoel-angsoel toelis.

Atoer pamrajoga katoer, kadi kang woes dèn tjondongi, mring sagoeng para soeméwa, gja djengkar risang tinangkil, keboet kang samja séwaka, boebaran tan ana kari.


VII. KAANGKAT DADOS MANTRI DJERO.

Sinom.

Katjarita doek samana, wong bisa matja lan noelis, doeroeng kaja djaman mangkja, maksih alangka pinanggih, tjatjak ingkang prijaji, kang bisa amoeng dlemoktjoeng, moenggoeh Nagara Tengah, moeng ana papat kang bangkit, sang dipati patih kaliwon lan djaksa.

Jata wajah soeroep soerja, Jogjaswara dèn timbali, mring ngarsa sang adipatya, kadawoehan nggawa toelis, marang kijai patih, jèkoe soerat angsoel-angsoel, kang katoer sang dipatya, ing Kawasèn soepajèndjing, dèn lakokna ajwa kongsi kalajatan.

Nawala woesé tinampan, Jogjaswara gja loemaris, depi antoek saondjotan, doemadya ngiling-ilingi, soerasaning kang toelis, weroeh kalamoen kaliroe, doedoe soerat wangsoelan, njata jèn serat kang saking, sang dipati Kawasèn kang dadya rembag.



Tjangkélak wangsoel ing marga, tan antara noeli prapti, ngarsané ing goestinira, oematoer saha wotsari, doeh goesti tadah roentik, déné amba koemapoeroen, dinoeta dèrèng prapta, kasesa wangsoel ing margi, koeningana poestaka kang oeloen bekta.

Poenika panginten amba, kalintoe kang serat saking, Kawasèn kang dados rembag, sanès wangsoelan kang mawi, moepakating pra dasih, oeloen soemangga poekoeloen, sang dipati andjola, dahat kampitaning galih, woes pinoendoet soerat tandya tinoe-piksa.

Toehoe toering panakawan, saksana ngandika aris, Jogjaswara bener sira, njata lamoen lajang iki, saka kakang dipati, ing Kawasèn kang maringsoen, lah paran marganira, sira bisa ameroehi, apa sira mangreti amatja lajang.

Oematoer kang sinoeng sabda, inggih walèh-walèh goesti, nadyan amoeng bledjat-bledjat, toemindak maos lan noelis, wit oeloen doek roemijin, kadangkala sok winoeroek, dateng soedarma amba, toek barkah padoeka goesti, dangoe-dangoe kawoela inggih toemindak.

Sang dipati angandika, o, o ikoe loewih betjik, lah ta sapa aranira, wong toewamoe kang moeroeki, Jogjaswara akoembi, atoeré tansah sinamoen, goesti soedarma amba, loegoe tijang tani benti, wistanipoen katelah pak Setragala.

Mireng atoer kang mangkana, ngoenandika sang dipati, ah jèn njawang wandanira, kaja doedoe trahing tjilik, ganeping tatakrami, solah paribawa toedoe, béda lan djamakira, sarta jèn anaking tani, mokal banget bisa noerat miwah matja.

Soemawana tyasé soera, nganggo wani doewé pikir, ngatoerké remboeg babagan, kang loewih saka wigati, jèn satoehoening tjilik, masa wania darbatoer, kang samono maringwang, woesana sang adipati, saja woewoeh sihé marang Jogjaswara.

Kinatik tan kena tebah, dahat pinartjajèng goesti, béda lan kantjané kajah, abdi panakawan ngampil, tjedaké mawa wantji, moeng samangsa ana preloe, angampil oepatjara, kadi satjaraning abdi, nanging Jogjaswara malah dinawoehan.



Saben-saben ana lajang, kapidji matja mangsoeli, wit sang dipati oeninga, Jogjaswara amoempoeni, kasoesastrané loewih, lanjah jèn matja tan nggratoel, tjeta widjang tetéla, lawan toelisané apik, jèn dèn timbang lan mas kaliwon tan kalah.

Toer ta ikoe woes kawentar, sapradja tanna ngoengkoeli, prandéné meksa kasoran, kabisané kabèh kontit, marma sang adipati, joen mirsa kasetyanipoen, ginelaran ing tjoba, tyasira dimèn kagimir, nanging tangèh kèloea marang panggoda.

Warna-warna kang panjoba, kabèh tanna mijatani, koekoeh bakoeh tékadira, Jogjaswara toehoe soektji, waoe djeng sang dipati, sangsaja kasok sihipoen, lair-batin pratjaja, kasemboeh sareng mirsani, Jogjaswara akentjeng ngibadahira.


Tan ana winalang-drija, prapta wahjoening Hjang Widi, kaparengé sang dipatya, ngepjakken abdi kekasih, Jogjaswara samangkin, sinengkakken loenggoehipoen, dadya poenggawèng pradja, apangkat mantri pineñil, pinartjaja ngwasani djro padaleman.

Nganti katelah ingaran, mantri djero komram radin, wong sapradja béla soeka, moeng ana poenggawa sidji, djoeroe gedong ingoeni, kang dadya panoentoenipoen, aran Anggataroena, samengko sengit kepati, jèn andoeloe Jogjaswara tansah éwa.

Koemropok atiné panas, karjané anjenjogoki, mring kantjané Jogjaswara, soepaja dadia sengit, saking pratingkah wegig, sate-mah kantjané angloed, samja tjipta roehara, mingoet-mingoet ngigit-igit, nora pegat dèn poedji énggala minggat.

Nanging sira Jogjaswara, mantep temen nora gigrig, ngandel koemandel Hjang Soeksma, dedasar aloesing boedi, nor raga mring sasami, karja sak-serik siningkoer, tansah ngénaki ing ljan, wekel moengkoel wroeh ing wadjib, tyas rahajoe netepi kotamèng gesang.

Kotjapa Nagara Tengah, woewoeh ardjaning nagari, tan ana kang kekoerangan, ajem tentrem apapanti, sapradja soeka sami, jata woes antara dangoe, noedjoe woelan poernama, padangé amaratani, ing Nagara Tengah katekan ngalamat.



Lintang koemoekoes katingal, anggaming peteng neng nginggil, sadaja samja andoega, jèn ngalamat nora betjik, satemah karja giris, wong sapradja tyasé miroet, mirid tatal ing koena, jèn lintang koemoekoes kèksi, nora woeroeng bakal ana peperangan.

Jèn katon neng sisih wétan, ing koelon kang ana djoerit, jèn koelon wétan kang aprang, ing mangka ikoe kaèksi, neng sakilèn nagari, dadya bakal ana moengsoeh, ngantjik Nagara Tengah, wong sapradja tyasé tis-tis, sroe maketer geter manggoeng oewas-oewas.

Koetjem kekoewoenging pradja, jèn daloe njenjet asepi, jèn sijang pating kalendang, sakèh reroepan asangli, soerem soroting rawi, tinoetoep mendoeng ngendanoë, prahara pratjalita, kilat-ṭatit ngo-bar-abir, ngawang-awang goemleger njwara goernita.

Djawah awor pantjawora, goemaroedjoeg saking langit, kèh wreksa sol sroe kasingsal, roengkad kabotentjang ing angin, bangawan kali-kali, kalèn kaleban ing ranoe, ebèr ngelebi darat, terang-terang perak éndjing, ringin koeroeng katon sempal kaparapal.

Wisma rebah ambalajah, tinon moeng ngeres-eresi, pratanda dadya ngalamat, bakal roesaking nagari, ngoelama samja moedji, dedikiran mjang tepakoer, njenjoewoen mring Pangéran, rahajoea kang pinanggih, sang dipati manggoeng dènnja poedjabrata.


VIII. MANTRI DJERO DADOS TETINDIHING PRADJOERIT

Doerma.

Antarané kira woes ana satjandra, goemjah ingkang pawarti, jèn nagri Mataram, amboedalaken wadya, maèwoe-èwoe pradjoerit, sikep ing joeda, gegaman nékawarni.

Arsa ngloeroeg neloekken tanah Prijangan, malah neroesken béndjing, ing Tjrebon ginetjak, lawan ing Banten pisan, arsa linanggar ing djoerit, jata kotjapa, waoe sang adipati.

Ing Nagara Tengah anoelja oetoesan, mring Kawasèn nagari, lan ing Soekakarta, ing Galoeh pirembagan, paran moepakaté sami, jèn moengsoeh prapta, apa linawan djoerit.



Apa amoeng noengkoel lan asrah bongkokan, woesana pra dipati, gilig rembagira, prajoga mapag joeda, sarta kang njénapatèni, pradjoerit Soenda, tan ljan ingkang pinilih.

Sang dipati Kawasèn wantèr ing aprang, déné para dipati, moeng ambantoe wadya, mjang teḍa tjinoekoepan, Nagara Tengah ngoeroeni, pradjoerit darat, lan kang wahana wadjik.

Tjatjah ana rongatoes samja prawira, ing Galoeh angoeroeni, pradjoerit gegalan, teloeng atoes samakta, ing Soekakarta ngoeroeni, wong doelang mangap, teloengatoes lan tindih.

Ing Nagara Tengah kang mangka manggala, tetoenggoeling pradjoerit, sira Jogjaswara, marmanira mangkana, wit saking pinilih déning, mas Anggatroena, djatiné saking sengit.

Linoropken mrih sirna madyèng palagan, jwa katon manasati, déné Jogjaswara, ing tyas marwata soeta, soeka pinartjajèng goesti, anitih koeda, titihan sang dipati.

Woesing koempoel pradjoerit atata gelar, nèng ngaloen-aloen nganti, oendang sénapatya, Jogjaswara mangarsa, oemarek sang adipati, mangraoep pada, njoewoen pangèstoe goesti.


Noelja boeḍal baris bareng lampahira, baroeng tengara moeni, tan tara woes tebah, kari ingkang tinilar, sigra oendang sang dipati, angreksa pradja, djaga pakéwoeh woeri.

Sanalika Nagara Tengah katingal, njenjet mamring asepi, soewoeng désa-désa, ngoengsi marang djro koeta, kotjapa sang adipati, pinoedjoe lenggah, ingaḍep para dasih.

Angandika paran wartaning paprangan, lakoené pra pradjoerit, déné woes antara, saminggoe doeroeng ana, wartané dènira djoerit, maras tyasingwang, patih matoer wotsari.

Leres goesti dawoeh padoeka poenika, rèhning sampoen antawis, prajogi padoeka, ladjeng dawoeh oetoesan, abdi kang kinten mran-tasi, anoengkak lampah, ḍapoer amemanoeki.

Toering patih ḍinahar mring sang dipatya, ingsoen njonḍongi patih, kaja atoerira, nanging sapa pantesnja, lawan sapa ingkang wani, dadi oetoesan, mring pajoedan noesoeli.



Patih matoer bilih wonten idi toewan, saé oeloen pribadi, ingkang noesoel lampah, dateng ing adilaga, soepados tan ngaping kalih, sang adipatya, soeka ngandika aris.

Jèn mengkono banget panoedjoe tyasingwang, amoeng wekaskoe patih, jwa koerang prajitna, jèn woes prapta ing kana, dènira amemanoeki, saka kadohan, oelatna kang adjoerit.

Toer sandika kang sinoeng dawoeh gja boedal, patih nitih toeranggi, pradjoerit kapalan, samja angiring lampah, nèng marga datan winarni, abebandangan, antoek saparon ari.

Kjana patih sakantja woes krasa sajah, samjaso ngaring-arang, nèng poetjak poentoekan, akèh wit-witanira, édoem samirana ngidit, soemjah mring angga, soeka para pradjoerit.

Kèndelira watarantoek sapanginang, ngandika kjana patih, hèn pada roengokna, kaé swaraning apa, ting galero ting djalerit, jèn ora salah, lir sambating wong kanin.

Dèn prajitna renggepen gegamanira, woesana ana kèksi, saka ing kadohan, pradjoerit djedjaranan, sesanderan reboet dingin, sawenèh ana, kang sinèrèd toeranggi.

Ana ingkang krontjalan nèng loehoer koeda, sikilé ingkang sidji, kleboe ing pantjadan, sanggawediné roesak, goemantoeng kang anoenggangi, djaran goembira, mbandang tan anoet margi.

Woes angira jèn ikoe moengsoeh kang prapta, doepi parek kaèksi, lamoen Jogjaswara, lawan sakantjanira, kaplajoe kasoran djoerit, binoeroe mengsah, wadya Mataram ngoesir.

Karoesakan pradjoerit Nagara Tengah, amoeng kari satitik, akèh kang palastra, anèng madyanig rana, jata kja patih oedani, jèn sénapatya, dawah saking toeranggi.

Joggjaswara agoeloeng kalawan koeda, sarira goebras getih, ilang sipatira, noelja binopong wadya, sinarèkken ngarsèng patih, sroe kapidara, soewé nora ngalilir.

Maras-maras kang samja moelat doehkita, doepi ènget gja nglilir, matoer pegat-pegat, adoeh koela tan kijat, tan betah kalangkoeng sakit, doeh kjana patya, oeloen pamit ngemasi.



Wadya toewan sadaja sami kasoran, binoeroe binaledig, mring wadya Mataram, risak tataning gelar, sisaning pedjah malentjing, boebar sar-saran, tjep meneng dènira nging.

Jogjaswara aseseg ambekanira, peteng panoné kalih, goegoep kjana patya, dawoeh angoepakara, tyasira kadi rinoedjit, kroengoe sesambat, pradjoerit nandang kanin.

Doek samana pradjoerit kang maksih gesang, kalihdasa watawis, lawan Jogjaswara, sadaja gja binakta, tinoengganggaken toeranggi, bali mring koeta, alon-alon loemaris.

Sapraptaning pradja gègèr apoejengan, akèh wong neningali, wroeh jèn ingkang prapta, Jogjaswara lan wadya, kasangsaran ingadjoerit, ramé woerahan, pada pating djalerit.

Ana mbengok anggembor atetangisan, jata rekjana patih, ladjoe sowanira, ing ngarsa sang dipatya, angirid para pradjoerit, sisaning pedjah, tatkala sang dipati.

Oeninga jèn roesak wadyabalanira, trenjoeh tyas amoeriring, dalah sénapatya, sirna sesipatira, saking bangeté akanin, maksih kantaka, sarira adoes getih.

Ngoengoen ndjetoeng sang dipati langkoeng welas, maring abdi kekasih, alon sabdanira, ija ta Jogjaswara, banget panarima mami, laboehanira, soen pèngeti salami.


Sang dipati gja dawoeh angoepakara, doekoen angoesadani, ana soedanira, éling sang Jogjaswara, poengoen-poengoen lir wong ngimpi, sarira loengkrah, wroeh jèn rinoeboeng djanmi.

Lan woes anèng ngarsané sang adipatya, kang ngadep samja sedih, moeng mas Anggatroena, kang tan katon soengkawa, malah maksih tjowa déning, sang Jogjaswara, nora toemekèng pati.

IX. NGOENCSI GESANG.

Pangkoer.

Kotjap dalem kaboepatyan, woes angoempoel sakèh poenggawa mantri, mjang ngoelama datan kantoen, samja njanding gegaman, wit angira tan woeroeng moengsoehé rawoeh, ing tékad nedya loemawan, toempesa laboeh nagari.



Sang dipati angandika, lah ta patih mara matoera aglis, paran kaananing poepoeh, kja patih atoerira, goesti oeloen boten ngantos saged ndoeloe, kala patempoehing aprang, kapapagan wonten margi.

Sampoen sami nandang brana, malah katah ingkang ladjeng ngemasi, sadaja sami kaplajoe, binoeroe mengsahira, mila énggal-énggal koela bekta wangsoel, adjrih lamoen tinoetoetan, mangké soemangga djeng goesti.

Warnanen kang sroe kalaran, Jogjaswara woesé dèn oesadani, karasèntèng angganipoen, nanging tan bisa lenggah, kroeget-kroeget alon dènira oematoer, mring goesti sang adipatya, pegat-pegat amiwiti.

Goesti moegi koeningana, lampah oeloen sareng angsal tri ari, praptèng Kawasèn akoempoel, lan wadyabala katah, ladjeng lerep wonten Kawasèn sadaloe, ngentosi datenging kantja, kang saking Galoeh pradjoerit.

Nanging tita boten prapta, mila raka padoeka sang dipati, ing Kawasèn noenten dawoeh, sarèhning ora teka, saanané baé kang amapag moengsoeh, biḍal baris alon-lonan, praptèng gwan kang dèn langkoengi.

Lampahipoen parangmoeka, boten dangoe wonten oetoesan saking, kangdjeng boepati ing Galoeh, angatoeri oeninga, bilih mengsah sampoen praptèng Dajauhloehoer, mila boten kintoen wadya, mangka bebantoe ngadjoerit.

Awit lampahipoen mengsah, tamtoe andjog Tanah Rantjah gja ngantjik, ing Tjidjolang badénipoen, djoedeg raka padoeka, ing Kawasèn amoeng gèdèg-gèdèg ngoengoen, roemaos kénging paékan, pakartining mengsah djoelig.

Wit baris kapeksa pentjar, mila ladjeng kandeg barisé goesti, sabab saopami ladjoe, sineroe nggal-énggalan, meksa sampoen katoengka roemijin moengsoeh, kawewahan saweg bena, ageng lèpèn Tjitandoewi.

Makaten goesti poerwanja, mila lamoen datengipoen pradjoerit, ing Mataram tan pinetoek, mring wadya Galoeh pjambak, lang-



koeng saé moendoer kéwala roemoehoen, wonten Tjiaoer roemantya, ingrikoe saged anoenggil.

Lawan bala Soekakerta, andjagèni bilih sawantji-wantji, wadya bala Soenda moendoer, saged noenten toemandang, tamtoe langkoeng santosa barisanipoen, kèndel toering Jogjaswara, ngeremken nétrané kalih.

Saking lesahing sarira, samantara noelja ngambali malih, woesana golonging remboeg, boten saèstoe biḍal, dateng wates dé éwah pranatanipoen, dados ing mangké loemampah, Tjiaoer kang dèn poeroegi.

Ananging ḍapoer kapoesan, sabab wadyabala Mataram goesti, ingkang pinatah loemakoe, dateng ing Tanah Rantjah, moeng sakedik kanggé gelar apoes-apoes, kang kaḥah wonten Pamotan anglimpé boten baribin.

Pramila boten kanjana, tijang boemi kaḍoengsang-ḍoengsang ngili, maring Kawasèn angoempoel, ḍoesoené ingebrokan, déning mengsah tjatjah langkoeng tigang èwoe, asikep mrijem sendjata, dahat pangoengoening galih.

Raka padoeka abijas, mirsa bilih bebaja kang pinanggih, roemaos kinepang moengsoeh, saha karoban lawan, éwadéné raka padoeka tan moendoer, ladjeng nata baris gelar, ametoekken mengsah prapti.

Oeloen lan kantja sadaja, kaḍawoehan medal djawining nagari, andjagèni bilih moendoer, oeloen gentos nanggoelang, sampoen ngantos baris karampit ing moengsoeh, inggih ladjeng kaleksanan, andoem karja ngati-ati.

Ing daloe oeloen tan wikan, éndjingipoen wonten swara melingi, raméning soerak goemoeroeh, kados rebahing arga, dangoedangoe tetéla kang aprang poepoeh, kaḥah kang ngadoeh kabranan, woesana oeloen ningali.

Wadya Kawasèn kasoran, sami moendoer perangipoen kalinḍih, oeloen angèngeti ḍawoeh, mila madjeng loemawan, nang-



goelangi baris Kawasèn kang moendoer, angempal dados satoenggal, nanging kangdjeng sang dipati.

Kawasèn boten katingal, sampoen séda wonten madyaning djoerit, lajoné saged kareboet, déning patih binekta, sesingidan minggah sapoetjaking goenoeng, dipati Nagara Tengah, mireng jèn raka dipati.

Ing Kawasèn praptèng lina, sanalika andjegreg nawoeng kingkin, jata lon andikanipoen, lah ija Jogjaswara, bandjoerena tjaritanira doek poepoeh, kang sinabdan toer sandika, tan adangoe noenten kèksi.

Mbroeboel pradjoerit Mataram, barisipoen anggaming nggegiri, nanging boten oelap oeloen, ladjeng tempoek ing joeda, langkoeng ramé soemahab sareng anempoeh, sanadyan karoban lawan, meksa ngangseg dérah pati.


Tan wonten kang adjrih pedjah, golong pipis ingkang katrajang ngisis, sarèhning ladjeng ingebjoek, kinempoeng kinalangkalang, kalebet ing gelar goesti perang oeloen, wadya toewan kajah pedjah, mila kawoela oendoeri.

Wangsoel loemebet ing kiya, mengsah ngoesir amboedjoeng ambedili, nagri Kawasèn ginempoer, kadamel karangabang, radjabrana rinajahan dateng moengsoeh, kawoela tan angsal papan, malah mèh doemoegi djandji.

Djalaran daja kawoela, kénging toembak adres roedira midjil, binéndrongan ngalèr-ngidoel, tan anggop binedilan, oeloen lawan sakantja sisaning lampoes, ingkang sami kekapalan, énggal sami angontjati.

Nedya dateng Soekakarta, toéré kandeg maktjep kadya sinapih, djalaran ing aloen-aloen, gègèr atri goemerah, ana abdi goelang-goelang kang oematoer, kalamoen wong ing padésan, bingoeng ngoengsi ting djalerit.

Binereg moengsoeh Mataram, sang dipati goegoep dawoeh miranti, lolos angontjati moengsoeh, sawoesé tata-tata, gja boedalan sakoela-warga tan kantoen, sang dipati nitih koeda, sagarwa-poetra angiring.



Jogjaswara doek samana, winot anèng tandoe loemakwèng woeri, tan woes oetjapen ing lakoe, nilip-nilip woes tebah, rerikatan jwa kongsi konangan moengsoeh, sah saking djabaning koeta, ngoepaja gwan kang aroempil.

Tjinendak tjaritanira, pradjoerit ing Mataram datan ngoesir, déné kang mbedah ing Galoeh, teroes marang Pamotan, ngobrak-abrik tanah Prijangan woes kempoet, kang katradjang srah bongkokan, tan ana kang mangga poelih.

Oelihé wadya Mataram, djajèng joeda moengsoehé kekes wingwrin, kapapral ingkang mandoekoel, kang rawé-rawé rantas, toehoe lamoen lagja winongwong Hjang Agoeng, kawengkoe sanoesa Djawa, maring Mataram soemiwi.

X. TANAH PASOENDAN KARÈH DATENG MATARAM.

Asmaradana.

Tanah Prijangan winarni, sadjroné ana perangan, mèh nem sasi antarané, djanma kang angoengsi gesang, tyasira maksih samar, tan ana kang wani moentjoel, moelih mring doenoengé lama.


Wedi manawa me-toeki, para pradjoerit Mataram, kang samja ngoebres moengsoehé, woesana miarsa warta, jèn nata ing Mataram, woes paring idi lan dawoeh, kabèh boepati Pasoendan.

Kang pada ninggal nagari, lolos angoengsi oempetan, dèn apoera sadosané, linilan bali mring pradja, djangdji asrah patobat, ngèdep koemawoelèng ratoe, toemoetoer anoet sapréntah.

Marma sagoeng pra boepati, kang samja angoengsi gesang, gja bali mring nagarané, dipati Nagara Tengah, tan kari boedalira, marek ngarsaning pangandjoer, sénapati ing Mataram.

Ngatoeraken boeloebukti, panoengkoelé marang nata, mjang ngatoerken prasetyané, katrima panoengkoelira, jata sang sénapatya, boḍol sabalané keboet, bali moelih mring Mataram.

Tjinendak lampahé prapti, sénapatining ajoeda, ngadep bjantareng pamasé, matoer sarehing dinoeta, katoer saananira, karenan tyasé sang praboe, anggegandjar saben dina.



Antarané teloeng sasi, kangdjeng soeltan ing Mataram, oetoesan abdi anggandèk, marang ing tanah Pasoendan, lawan mawa nawala, pijagemé pra toemenggoeng, pratanda panoengkoelira.

Dawoehé sri narapati, sakèhing para boepatya, saben warsa pisané, ja wiwit kala samana, tanah Prijangan wétan, mring Mataram samja ngratoe, atoer boeloebektinira.

Toer-atoeré warni-warni, woelowetoening nagara, kang anèh kang adi aèng, boepati Nagara Tengah, pinoendoetan bebana, boeloebekti saben taoen, awarna soengoe mendjangan.

Woeloe merak lan koeliting, maésa sawidak kebar, ginawa bareng sowané, kotjapa Nagara Tengah, woelsing poelih lir koena, tentrem kang samja dedoenoeng, tan na sandéjaning nala.

Nanging mangkja sang dipati, soeda kaloehoeranira, soemawana pangwasané, wit kawengkoe mring Mataram, kasboet nèng pradjandjian, pijagem blèbèkan proenggoe, mangkana soerasanira.

Pènget srat pijagem saking, sinoewoen soeltan Mataram, kagadoeha mring dèwèké, wadana Nagara Tengah, kang woes sanggoep soemarah, prasetya mring djenengingsoen, samengko alestaria.

Soen tetepké angrèh boemi, kabèh sawewengkonira, kang ngoeni dadi darbèké, wewatesé datan owah, kadi kang woes kalampah, mangoeloné lan kang ngidoel, gaṭoek karo wates tanah.

Kang soen paringaké dadi, leloenggoehé ki wadana, ing Soekakarta lan manèh, watesé kang ngalor pisan, tekan kali kang aran, Tjitandoe wi ngétanipoen, watesé gaṭoek lan tanah.

Ing Kawasèn kang dèn ampil, ngabèi Wirawadana, kang nggentèni bapakané, kang woes kasamboet ing aprang, titi nawalèng nata, Djoemoengah tanggal ping woloe, taoen Djé kang loemaksana.

Katandan asma narpati, Panembahan Sénapatya, mangkono koerang loewihé, déné kang kasboet nawala, pjagem Nagara Tengah, ana kang moeni kalamoen, kang dadi panggedé pradja.

Ing Kawasèn kang nggentèni, bapakné kang woes palastra, moeng ngabèi seboetané, ikoe karsaning naréndra, kabèh para boepatya, ing Pasoendan kang woes noengkoel, linorod seboetanira.



Amoeng seboetan ngabèi, sabab pinangkat wadana, nanging para kawoelané, anggepé mring goestinira, tetep kadi doek koena, pangrengkoeh soengkemé woetoe, pangratoené nora owah.

XI. MANTRI DJERO KAPASRAHAN NGREKSA PADALEMAN.

Sinom.

Mangsoeli tjaritèng ngarsa, Nagara Tengah winarni, rèhning woes antara mangsa, sowané toer boeloebeki, mring Mataram soemiwi, sang dipati noeli dawoeh, njamektakaken gawan, kang woes moeni djroning toelis, koelit kebo lar merak soengoe mandjangan.

Sadoeroengé sang dipatya, woes karja grogol nèng woekir, ingaranan Pasiroentjal, jèkoe gwan sato wanadri, ingon-ingon mepeki, kidang sangsam ménda danoe, sadjijan pepoendoetan, jwa ngèl dènira ngoelari, marma doepi ana karja tan rekasa.


Sang dipatya woes amepak, kadang-warga mjang prijaji, tan kari para ngoelama, kabèh pada dèn dawoehi, soepaja ngati-ati, tataning ngreksa pradja goeng, sadjroné sang dipatya, nèng Mataram saos bekti, saer paksi sandika kang dinawoehan.

Déné papréntahan pradja, pinasrahken maring patih, djro dalem saisinira, para abdi para ampil, ingkang dèn pratjajani, mantri djero wenang ngoeroes, bot-répoting kawoela, lanang-wadon gedé-tjilik, kabèh kasrah marang sira Jogjaswara.

Marmané teka mangkana, sabab sang dipati oening, marang lelaboehanira, mantri djero lair-batin, setya soengkem djrih asih, boeroes barès boedinipoen, geng sihé sang dipatya, nganti kèpjan ing panggali, lamoen darbé kekasih toer pinitoewa.

Jèkoe mas Anggataroena, loewih lama dènnja ngabdi, wiwit swarginé kang éjang, kadjabané dèn kasihi, ja kang dipoen pasrahi, ngoewasani djro sadaroem, mangka mangké kawoentat, roemasa tan kanggep ngabdi, kaja ngapa ngondok-onðoking tyasira.

Karanta-ranta anggresah, poewara panas kang ati, koemropok kadi binakar, moelat maring sang antoek sih, tansah manginggit-inggit, malah soempah djroning kalboe, tan lega datan lila, lamoen doeroeng males isin, marang mantri djero kang awèh wisoena.



Jata kotjap sang dipatya, sawoesing djangkep mepeki, miranti gegawanira, gja boedal sagarwa-siwi, ingiring para abdi, adjedjodon patangpoeloeh, ana garwa ampéjan, ingkang kaḍawoehan kari, nora ndèrèk tindaké marang Mataram.

Nama njimas Ratnawoelan, moela tininggal tan ngiring, sabab banget kinasihan, warnané ajoe linoewih, jèn ta kalakon ngiring, bésoek mesti nora woeroeng, koeningan pra satrija, panggedé ing tanah Djawi, mbok pinoendoet jektiné bakal kélangan.

Wit mitoeroet wartanira, para prajagoeng ing Djawi, jèn moelat wanodya éndah, pangarahé tan wis oewis, bebaskan kaja koetjing, weroeh dèndèng gandoel-gandoel, jèn kang darbé tan soeka, rino-dapaksa ingambil, sang wadana soemelanging tyas mangkana.

Sigeg kang aninggal pradja, woewoesen abdi kang kari, kang pinasrahan pangwasa, ngreksa bot-répoting nagri, mas patih kang kinanti, nindakken adil lan koekoem, pangoeloe miwah djaksa, mas kaliwon datan kari, salawasé tan ana sangsajanira.

Déné sira Jogjaswara, kang pinatah ngreksa poeri, saisining padaleman, tan koetjiwa angrampoengi, pra abdi gedé-tjilik, tan ana kang lakoe doedoe, kèdep sapréntahira, marem rinèh lawan ngadil, toer tjinoekoep boetohé tan kekoerangan.

Moelat kaanan mangkana, mas Anggataroena roentik, katatangi roentaging tyas, katon tan soeka djro ngati, moela moeng njoelajani, sapréntah datan ginoegoë, malah noeli andjoṭak, lir pakartining rarjwalit, saoeniné Jogjaswara tinamboehan.

Anjemoni saben dina, lan marabi nora apik, Jogjaswara ingaranan, mantri tjalila-tjalili, karepé ngisin-isin, jèn mantri djero wong koemproeng, kompra bangsaning soedra, tan pantes dadi prijaji, woes djamaké wong sengit soegih pamada.

Temah mas Anggataroena, tan ana kang dèn sandjani, kadjaba mring wismanira, soedarané prenah adi, kang kena dèn tarèni, binisikan lakoe doedoe, jèkoe misananira, mas kaliwon saben ari, kang rinemboeg moeng alané Jogjaswara.

Nanging toemrap Jogjaswara, sanadyan angoewasani, saisining padaleman, nora pisan andarbèni, tjipta kang gedag-gedig, goemedé



lan koemaloengkoeng, adjeg padjeg santosa, tékadé amoeng netepi, kwadjibaning abdi ingkang pinartjaja.

Toemindak tan sabarangan, sarwa soetji ngati-ati, kabèh wadjib wineroehan, bot-répoting para abdi, miwah garwa paminggir, kang maksih tinilar kantoen, njai mas Ratnawoelan, jèn boetoech sawantji-wantji, panedané ija marang Jogjaswara.

Sarta nalika samana, mantri djero sok ngéndangi, teka mring patengganira, sarèhning pinatah djagi, mbok ana kang kinapti, jwa kongsi tjoewa ing kalboe, wit wroeh kekasihira, goestiné kang mengkoe nagri, marmanira njimas lamoen sinowanan.

Marang sira Jogjaswara, tyas katon rena kapati, kadya pang-gihan lan poeta, mangkono rasaning ati, jèn soewé nora prapti, karasèng oneng joen weroeh, nanging nora andoega, anané moeng tresna asih, kang kinasih angrengkoeh lir mring wong toewa.

XII. JOGJASWARA KAPANGGIH IBOE BIBINIPOEN.

Midjil.

Katjarita noedjoe sadjoega ri, sira mantri djero, atetindjo marang patoenggoné, njimas Ratnawoelan woes apanggih, noeli tata linggih, samja renèng kalboe.

Njimas Ratna atetanja aris, anggèr koela takon, moegi sampoen dados panggalihé, déné koela koemedah oedani, andika poeniki, sinten kang sesoenoe.

Déning wonten karasèng djro ngati, wit mirid pasemon, tindak-tandoek andika jektiné, kawistara jèn dédé trah alit, sarta koela doegi, si anak poenikoe.

Sanès toeroenipoen tijang ngriki, kagèt kang tinakon, tarataban abijas oelaté, wit roemasa bakal ndjedjoèri, dadi kang piningit, meneng kongsi dangoe.

Nganam-anam sadjeroning pikir, paran kang linakon, apoewara alon wangsoelané, inggih njimas sapinten kang sisip, moegi dèn aksami, kaparenga matoer.

Lah poenapa kang dados wigati, dé wonten pandangon, ingkang sakalangkoeng nggoemoenaké, leres oeloen sanès laré ngriki, nangingg toeroen alit, wedalan ing doesoen.



Temen-temen moeng anak wong tani, bangsa tijang asor, tangèh kados tarkanta njatané, njimas Ratna mèsèm moewoes aris, mangké ta roemijin, anggèn koela matoer.

Lamoen anak dédé trahing alit, tan kénging tjinolong, salah bawa dados pratandané, kaping kalih jèn koela tingali, si anak poeniki paribasanipoen.

Kadi djambé nom sinigar kalih, ing tjitra tan roro, saplak lawan kakang kang woes anglès, mila koela koemoedoe joen oening, leganing kang ati, mrih jwa ragoe-ragoe.

Jogjaswara koemedjot katawis, seseking tyas képon, koemawawa anjengka tetakèn, anor raga atoeré aririh, moegi dèn aksami, sisipé poen poenggoeng.

Koela njoewoen moegi dèn djatèni, soedara kang lolos, teka mèmper lan koela warniné, lah poenika sinten kang wewangi, asal saking poendi, kawoela joen weroeh.

Njimas Ratnawoelan anaoeri, anggèr kadangingong, ingkang lolos poenika namané, radèn Wiraoetama woes lami, nis saking nagari, wit tampi bebendoe.


Dipoen satroe dateng ingkang raji, kangdjeg kang goemantos, boepati ing Soenyawenang mangké, sabab dipoen dakwa badé malik, joen ngrebat kamoektin, mangka loegoenipoen.

Babarpisan boten andarbèni, tjipta kang mangkono, tetep saking pangotak-atiké, pra poenggawa ingkang sami drengki, kalam-pahan lali, kangdjeng mring sadoeloer.

Sareng mireng jèn kangdjeng boepati, oetoesan anggropjok, kangmas Wiraoetama gja anglès, lawan garwa tamboeh kang dèn oengsi, koela tan oedani, kabar-kaboeripoen.

Praptèng mangké koela wonten ngriki, tan mireng pawartos, Jogjaswara lir djinait tyasé, atemahan senggroek-senggroek nangis, lirwa ing wewadi, welingé wong sepoeh.

Gapjoek noengkemi padaning bibi, sarwi matoer alon, iboe koela poenika jaktosé, poetranipoen rakandika ngoeni, kang nis saking nagri, mangké manggèn doesoen.



Asingidan njamoer lampah tani, noetoepelelakan, Ratnawoelan kasok ing soekané, ingkang poetra rinangkoel tan wigih, sarja dèn tangisi, sambat kadang sepoeh.

Soekoer-soekoer déné maksih oerip, kangmas kang loengandon, pangirakoe woes praptèng adjalé, nora idèp malah anoekoeli, bisa asepanggih, tan njana saramboet.

Jogjaswara gja manoengsoeng warti, mring iboe toernja lon, iboe moegi karsa nggantjaraké, kadospoendi teka wonten ngriki, ndèrèk kangdjeng goesti, poenapa woes dangoe.

Ingkang iboe medarken toemoeli, gantjaring lelakan, moela koeloep iboe anèng kéné, djalarané doek kangdjeng boepati, Soenyawenang ngoeni, ngoelemi pra agoeng.

Ingkang parek miwah ingkang tebih, akèh kang andjagong, pada andjenengi ing soepité, poetranira kangdjeng sang boepati, déné kangdjeng goesti, kéné ija rawoeh.

Bareng pirsamarang akoe kaki, sanalika kono, katon lamoenana galibedé, mbokmanawa kangdjeng sang boepati, woes saéka-kapti, si iboe tan weroeh.


Doek samana akoe dèn dawoehi, jèn arsa binojong, mring Nagara Tengah ndèrèkaké, kangdjeng goesti ngong dipoendoetampil, si iboe moeng darmi, nglakoni sadawoeh.

Lah tjekaké klakon akoe dadi, garwané kang anom, prapta mangké amoeng ngoetek baé, anèng toenggon arang-arang midjil, ija ikoe kaki, moelaboekanipoen.

Sanak-kadang nora taoe panggih, karsaning Hjang Manon, sira oewis lawas anèng kéné, teka dadak ija tan oedani, o ja soekoer kaki, moega bisa loeloes.

Soewitamoe nèng ngarsaning goesti, koempoel lawan ingong, Jogjaswara alon ing atoeré, inggih moegi Allah ngidjabahi, pinareng lestari, soewitamba iboe.

Tan woes oetjapen kang soekèng galih, étja atetemon, iboe maring poetra kasok sihé, nanging doepi Jogjaswara éling, wadiné kawidjil, sanget dènnja getoen.



Njimas Ratna wroeh semoening siwi, gja gita tetakon, paran ingkang dadya daroenané, winangsoelan wit mboeka wewadi, kadi kang weweling, soedarma pepatjoeh.

Nora kena kowedar satitik, mangka mangké klakon, kaweroehan ing lijan tan wandé, nemoe éwoeh pakéwoeh nemahi, noeli matoer ririh, marang ingkang iboe.

Rèhning sampoen kaladjeng kawidjil, moeng iboe kémawon, koela soewoen kaagama déwé, sampoen bribin dateng lijan djanmi, tan wandé bilai, jèn ngantosa weroeh.

Inkang iboe wlas mijat ing siwi, soemèhing pasemon, angleli-poer marang kadoewoengé, koeloep sira adja maras-miris, bab wewadi iki, masa na wong weroeh.

Jekti bakal rapet ngong toetoepe, nadyan praptèng lajon, nora bakal ingong wetjakaké, marang lijan moendak ndjoewarèhi, dèn pratjaja kaki, marang ing woewoeskoe.

Lerem tyasé kang nandang koewatir, kang iboe nabda lon, sira koeloep sadjroné nèng kéné, wis ping pira tindjo jajah-wibi, rak ja pada betjik, kang poetra oematoer.

Salebeté koela wonten ngriki, saben warsa tindjo, dateng doesoen namoeng taoen mangké, dèrèng saged njelakaken toewi, déning wrating wadjib, ingkang koela sangkoel.


Nadyan koela mangké dèrèng toewi, nanging sampoen ngongkon, ingkang abdi poen Boeloes lampahé, sarwi mbekta pakintoen sakedik, moeng djampi katjélik, Boeloes sareng wangsoel.

Ngandaraken jèn sami basoeki, koela sroe tjoemeplong, njimas Ratna soeka soekoer tyasé, déné poetra tan lirwa ing wadjib, mring wong toewa éling, jektyantoe pangèstoe.

XIII. SANG ADIPATI NAGARA TENGAH TAMPI SERAT WEWADOEL.

Pangkoer.

Wiwit nalika samana, Jogjaswara katon kerep pepanggih, ngéndangi toenggoning iboe, nir sakèhing wiwéka, watak-wantoening moeda tan wrin ing semoe, tanpa rangkepan tyas lamba, koerang ing tepa paloepi.



Nora darbé ringa-ringa, roemasané panggih kalawan bibi, tanpa soedjana tan weroeh, jèn tindak kang mangkana, bakal dadi goda rentjananing idoep, sabab ana kang soemedya, karja tjilakaning diri.

Sasolah-tingkahé tansah, dèn oelatken maring satroené batin, lan akèh kang woes saroedjoek, samja sinoengan opah, kinèn niti alané kabèh kinoempoel, bésoek ginawé gegaran, atoer wewadoel mring goesti.

Jata mas Anggataroena, winadoelan marang wong kang pini-dji, ameroehi tingkah-lakoe, loepoeté Jogjaswara, kaparenga ki loerah kawoela matoer, mantri djero kerep prapta, mring patoenggon aniliki.

Tetemon lan njimas Ratna, malah matoer jèn njipati pribadi, dènira rangkoel-rinangkoel, toer ana saksinira, wong sadalem kabèh woes samja angroengoe, doersilaning Jogjaswara, malah akèh kang ngoendaki.

Woes ana bebasanira, soedaning titipan oendaking warti, loemrah kang mangkono ikoe. apa manèh kanjatan, nadyan ora meksa diwoewoehi imboeh, dèn pepantes lir temenan, mas Angga ma'em ngetjoepi.

Kotjapa Boeloes samana, oedjoeg-oedjoeg katon oelaté sedih, jèn genah ana wewadoel, marang leloerahira, mantri djero kang lagja pinoedjoe loenggoeh, anèng wismané dèwékan, mangkana Boeloes dènnja ngling.

Ah dèn koela ngantos moentab, sabab kajah ingkang sami ngraosi, jèn sampéjan tindak doedoe, tinarka bebédangan, kalih njimas Ratnawoelan nikoe pripoen, doepèh sampéjan sok sandja, dateng toenggoné pepanggih.

Lan tansah njanten sampéjan, ng'awon-awon boten poeroen ngopèni, dateg abdi lijanipoen, toer jèn kapireng koela, tamtoe koela pabeni sakatogipoen, koela lèh-lèhaken pisan, wong boten weroeh ing betjik.

Nanging boten menda-menda, mandak mindak ting tjloemik ting barisik, mbrebegi koeping jèn kroengoe, Jogjaswara manabda, lo



kaprijé teka ngono ikoe Boeloes, akoe iki ora ngrasa, doewé salah lakoe silib.

Boeloes matoer nggih wikana, mbokmanawi kénging pandamel éblis, milané sampéjan nikoe, kedah tansah prajitna, boten kénging lamba mawon tindakipoen, ngoegemi soetjining manah, lah samangké kadospoendi.

Jogjaswara anggraita, jèn tindaké koerang pangati-ati, doegaprajogané soewoeng, sepi ing kasoedjanaan, nanging rehning roemasa nedya rahajoe, tan pisan lakoe tjoelika, toer kinantèn ati soetji.

Dadya pepoentoning tékad, kabèh oeni lan panarka tan betjik, moeng nedya dèn anggep raboek, kembang-borèhing gesang, tan koemedap ngantepi ajoening kajoen, wasana alon watjana, Boeloes tan preloe pinikir.

Apa kowé tan kèlingan, oenining bebasan betjik ketitik, ala katara ta Boeloes, pédah apa ginagas, saoeniné wong kang sengit marang akoe, anggeré njatané ora, masa borong kang ngarani

Sigeg kang apagoeneman, katjarita sadjatiné woes lami, mas Anggataroena ikoe, dènnja angendem manah, ngoeneg-oeneg serik arsa males oekoem, marang sira Jogjaswara, marma nedya dèn sekait.

Samengko antoek dadakan, tan talompé sigra dènnja manggihi, mas kaliwon dèn djak ngremboeg, alané Jogjaswara, moepakating goenem moeng soemedya matoer, ing goesti winot poestaka, jata mas kaliwon noelis.

Sarampoengé gja winatja, Anggatroena kapranan anjondongi, mring lajang kang bakal katoer, soerasané mangkana, sasampoening sembah kawoela poekoeloen, kang abdi poen Anggatroena, njoewoen sih apoerèng goesti.

Déné dahat koemalantjang, wanoeh-wani atoer oeningèng goesti, kang boten ndadosken sardjoe, wit oepami kawoela, boten noenten énggal-énggal saos atoer, adjrih jèn tampi dedoecka, ginalih tan darbé pikir.



Doeh goesti kaoeningana, ing sapengker padoeka djroning poeri, wonten lelampahan saroe, déné ngantos klampahan, wonten abdi kadoegi njamah poekoeloen, ngasorken asma padoeka, ngoetjemken loehoering nagari.

Sinten goesti abdi toewan, ingkang poeroen atilar kramaniti, jekti tan njana saramboet, bilih poen Jogjaswara, poeroen-peeroen tepang saé lan sang ajoe, inggih kekasih padoeka, njimas Ratna-woelan goesti.

Saben dinten pepanggihan, boten gadah ringa-ringa lan adjrih, angedèng kajah kang weroeh, goesti oeloen soemangga, saha tansah anjadang dawoeh poekoeloen, abdi poen Anggataroena, ada wijahé amoeni.

Kondjoek ing pada padoeka, sesembahan oeloen ingkang ngrenggani, Nagara Tengah linoehoeng, ingkang wonten Mataram, mas kaliwon nampakken lajangé goepoeh, tinampan Anggataroena, saksana ginawa moelih.

Sadoeroengé lajang dadya, Anggataroena sadjatiné woes ngetik, matah wong kang bakal mlakoe, angatoeraké soerat, mring Mataram pinilih wong kang woes weroeh, winangsit sapreloenira, lajang ingoeloengken aglis.

Tjinendak lakoening doeta, sapraptaning pradja Mataram panggih, kalawan pepoedènipoen, wong agoeng ing Pasoendan, soerat saking mas Anggatroena pinoendoet, binoeka sinoekmèng drija, kadada soerasèng toelis.

Doek samana sang dipatya, langkoeng kagèt bendoenira tan sipi, peteng pandelengé goemjoer, ndjegreg datan ngandika, sapan-doerat tandya lilih doekanipoen, toehoe wong agoeng oetama, membat djembaring panggalih.

Milalah noetoe sarira, analangsa wewangsoning tyas wening, dadya kandeg rangoe-rangoe, rinaras moeng soelapan, wit tabeting kasetyan laboehanipoen, Jogjaswara soeng pitedah, jèn terahé wong linoewih.

Tetep jèn amoeng pitenah, gegetingan déning akèh kang sengit, sang dipati noeli dawoeh, doeta kinèn wangsoela, kinanténan na-



wala paring pepatjoeh. Anggatroena winalera, tan kena ngobrakken warti.

Jwa kongsi kroengoe wong djaba, sabab arsa rinembag kang patitis, ngentèni samangsa kondoe, samengko kasidema, kawarna tjaraka sapraptanipoen, ing pradja Nagara Tengah, woes panggih lan kang anoeding.

Sira mas Anggataroena, tan saranta briga-brigi nakoni, agrojok semoené goegoep, énggal kowé kandaa, prijé bareng goesti wis maos lajangkoe, kaprijé pasoerjanira, apa ora katon moering.

Kang tinannja atoerira, o mas loerah sareng goesti mirsani, serat sampéjan andjoemboel, poetjet pasoerjanira, astanipoen andaredeg ngantos dangoe, woesana ladjeng ngandika, semoené doeka tan sipi.

Maringken serat poenika, ah nggih kilap sarawoehipoen béndjing, tamtoe badé wonten dawoeh, krampoenganing oekoeman, Anggatroena nabda é iki pepatjoeh, adja nganti kadjoewara, marang salijaning djanmi.

XIV. JOGJASWARA BADÉ KAPRIKSA PRAKAWISIPOEN.

Kinanti.

Kang nèng Mataram winoewoes, doepi woes praptaning wantji, oendoeré boepati mantja, maring pradhané pribadi, kabèh lili-lan boebaran, bodol tan kari sawidji.

Sowang-sowangan oemantoe, wong Pasoendan samja ngiring, dipati Nagara Tengah, gegantjangan angroehoeni, sineroe lampah glis prapta, pineoek poenggawèng nagri.

Mjang kadang-warga adoeloer, koermatan mawarni-warni, soeka tyasé wong sapradja, rawoehing goesti mimboehi, senening Nagara Tengah, tan winarna anèng margi.

Sang dipati woelsing rawoeh, ing dalem gja tata linggih, kina-bektèn pra poenggawa, kadang-warga gedé-tjilik, tan kari sang Jogjaswara, mangaras padaning goesti.



Sang dipati noelja ndangoe, kalawan pasemon wingit, lah kaprijé Jogjaswara, kabèh apa pada betjik, salawasé ingsoen tinggal, mring Mataram saos bekti.

Kang dinangoe nembah matoer, antoek sawabipoen goesti, sadaja sami rahardja, wong sadalem djaloe-èstri, boten wonten kekirangan, sadaja oeloen tjekapi.

Jogjaswara doek oematoer, tatag tanpa wigah-wigih, nora owah kadi saban, wantoening watak kang soetji, tan roemasa darbé dosa, sadarma netepi wadjib.

Sang dipati kang kinajoen, sapraptaning dalem noeli, arsa ngle-remken sarira, sarèhning mentas loemaris, jèn woes antoek sawatara, lagja angremboeg wewadi.

Nanging mengko adreng ngremboeg, lan moeng tansah mikir-mikir, paran boedidajanira, soepaja bisa meroehi, doersilané Jogjaswara, kalawan lakoe kang remit.

Kotjap woes boebaran moendoer, ing dalem datan winarni, amangsoeli Jogjaswara, tanpa ngalamat tan betjik, sakondoeré goestinira, nora taoe dèn timbali.

Djro dalem sepi kadoeloe, kadi semoening prihatin, para abdi lan santana, kalamoen noedjoe me-toeki, lawan sira Jogjaswara, bandjoer adjawil-djinawil.

Anglirik laraping semoe, pratanda ana wewadi, nanging ingkang rinasanan, tan pisan anggraitani, tan wikan jèn pinaéka, wong sadalem woes kinetik.

Linebonan remboegipoen, mas Angga kang ambek drengki, kabèh pineksa noeroeta, karepé koedoe ngakoni, meroehi nalikanira, Jogjaswara apepanggih.

Lan njimas rangkoel-rinangkoel, jèn tan manoet gja sinengit, tinoendoeng pada sakala, toer nganggo dèn intjim-intjim, kang manoet sinoengan opah, temah kèh kang anjanggoepi.

Moeng Boeloes kang nora sanggoep, pinalaoer dèn sengiti, dadi moeringé mas Angga, soedjanané sroe mawredi, wit kantjné Jogjaswara, moela tinoendoeng toemoeli.



Doeroeng kober awewadoel, mring Jogjaswara bab iki, awit woes ingoprak-oprak, palajoené sipatkoeping, binoeroe kinoeja-koeja, kaja wong angojak maling.

Pak Soera lan Idjem bingoeng, jèn tan noeroet mesti blai, sabab ikoe loerahira, toer bebasan idoe geni, ginoegoe saatoerira, mring goestiné wong sanagri.

Déné lamoen gelem manoet, dadi saksi ameroehi, njatané nora oeninga, weroehé moeng dèn kandani, tetep doeraka Hjang Soekma, moeng sarèhning banget wedi.

Lairé ja gelem noeroet, nanging sadjeroning ati, soempah nglakonana tjidra, béndjang jèn dadi prakawis, nedya oematoer balaka apa ingkang dèn sipati.

Mangkana kang antoek bendoe, sakalangkoeng melasasih, njimas Ratna sroe doehkita, sakondoeré sang ginoesti, tan ginapé tan sinapa, tan kena metoe ing djawi.

Lan dinedes kinèn ngakoe, kalamoèn woes lambangsari, kalawan poen Jogjaswara, njimas bisané moeng nangis, saking kawekèning drija, saoepama amangsoeli.

Lamoen Jogjaswara ikoe, masih ponakan pribadi, amboeka wadining kadang, kang kineker kang piningit, nanging jèn ora balaka, bandjoer dèn anggep sajekti.

Sadiana-dina rawat loeh, djoedeg pepet moeng prihatin, poewara dahat nalangsa, pasrah soeméndé ing pasti, tan pegat pamoedjinira, noewoen aksamaning Widi.

Kotjap antara saminggoe, sang dipati animbali, Anggatroena dinawoehan, angirid djaksa lan patih, pangoeloe kaliwon pisan, barenga sowan toemoeli.

Loemakoe kang sinoeng dawoeh, djogédan saeroet margi, kalin-tang soekaning drija, déné bakal anjipati, tibaning kang karampoengan, nora woeroeng oekoem pati.

Patih djaksa mjang pangoeloe, kaliwon woes samja kérid, mring ngarsané sang dipatya, sawoesé atata linggih, sang dipati angandika, moela pada soen timbali.



Sabab ingsoen tanpa atoer, saka toewangganèng poeri, jèkoe si Anggataroena, winot ing lajang toer oening, kalamoen si Jogjaswara, woes kalakon wanoeh-wani.

Angroesak sengeraningsoen, nganti kalakon liron sih, karo njimas Ratnawoelan, akèh abdi kang neksèni, nanging rèhning loewih gawat, ananging prakara iki.

Moelané samengko ingsoen, doeroeng bisa ambeneri, lah pada sira remboega, tindakna kalawan ngadil, patih pangoeloe lan djaksa, sakala ngoengoen miarsi.

Kagèting tyas temah ndjetoeng, moeng mas kaliwon pribadi, kang pasmoné nora owah, wit moenggoeh prakara iki, kabèh woes nèng kantongira, moeng api-api tan ngreti.

Mas patih anoeli matoer, goesti prakawis poeniki, saking pamanggih kawoela, kedah djangkep tanda-saksi, boten kénging del-andelan, dawahing koekoem lan ngadil.

Saha mrih oetaminipoen, poen dakwa kedah soemingkir, tinebihna saking pradja, toewin sampoen dèn djarwani, sengadi dipoen oetoesa, ing sapengkeripoen goesti.


Saksi noenten kinèn koempoel, tamtoe boten wigah-wigih, atoeripoen jèn pinriksa, toer prakawis tetep remit, rampoeng boten kadjoewara, makaten sami pakolih.

Mas kaliwon njoendoel atoer, lah jèn minggat kadospoendi, mas patih alon ngandika, poenika pinanggih gampang, dèn iringken goelang-goelang, kekasih sampoen njekapi.

Sang dipati mantoek-mantoek, dinahar atoering patih, anoeli dawoeh boedalan, jata kabèh samja moelih, mas kaliwon kawarnaa, lan Anggatroena gja panggih.

Nggenoe pikolèhing remboeg, soeka tyasé wong kekalih, roemasa bakal katekan, pangoeneg-oeneging ati, Anggatroena awatjana, manawi makaten adi.

Goelang-goelang kalih waoe, saé kinetik roemijin, piniloeta dipoen ebang, poeroenipoen amedjahi, si gendoengan Jogjaswara, bèndjing wonten ing wanadri.



Lan malih koewandanipoen, kinèn njemploengna ing kali, tamtoe boten kadengangan, pandamel poenika adi, mas kaliwon tanggap sabda, lah béndjingé kadospoendi.

Bilih ladjeng dipoen dangoe, déné boten wangsoel malih, mas Angga mèsém saoernja, boten angèl amangsoeli, si mengkonok sampoen pedjah, binadog sima doek ratri.

XV. JOGJASWARA KAIRING GOELANG-GOELANG KALIH KAOEToes NOEWÈNI PAGROGOLAN ING PASIROENTJAL.

Dandanggoela.

Sigeg ingkang samja goenem kawis, kawoewoesa kang nèng padaleman, sang dipati lenggah idjèn, peteng pasemon atjoem, prandané kataman kingkin, samana woes oetoesan, maring wismanipoen, mantri djero tinimbangan, tan antara praptèng ngarsa awotsari, maboekoeh silanira.

Sang dipati kawekèn ing galih, sapandoerat datan angandika, mènget genging kasetyané, sasat woes kadi soenoe, Jogjaswara teka samangkin, kenèng adiling pradja, sisipsembir kokoem, sang dipati gja ngandika, Jogjaswara sira soen oetoes niliki, marang ing Pasiroentjal.

Rèhning soewé soen nora mijosi, atjangkrama mèt kidang-mandjangan, paran moenggoeh kaanané, apa ja oewis woewoeh, bebranahan kaja doek dingingin, lan sira tjatjahena, kang wadon kang djaloe, jèn kang djaloe woes angrebda, bandjoer sira dawoehna kinèn mageri, grogolé dèn santosa.

Lawan manèh adja noeli moelih, lamoen doeroeng soen timbali sira, wis bandjoer mrantia agé, nembah kang sinoeng dawoeh, noewoen inggih sandika goesti, amoeng barkah padoeka, kang kawoela emboen, keparenga amba bidal, sang dipati ngandika ija dèn betjik, nanging adja dèwèkan.

Anggawaa wong kang mijatani, botjah-ingsoen si Setjawigoena. Djajawiroena karoné, awit wong loro ikoe, kabèh pada ngentasi kardi, mbok anemoe bebaja, nèng marga tan weroeh, ikoe kantinen prajoga, Jogjaswara lènsèr saking ngarsa goesti, moelihé tata-tata.



Goelang-goelang loro dèn dawoehi, abarengna lawan Jogjaswara, mring Pasiroentjal lakoéné, sarta kinèn andoeloe, solah-tingkah mjang oelat liring, sandika goelang-goelang, gja samaktèng lakoe, kotjapa mas Anggatroena, ingkang tansah éwa toer kaworan sengit, marang sang Jogjaswara.

Doek samana anganjar-anjari, teka katon roemaket agapjak, sadjak bingar polatané, temboengé semoe dekoeng, anak mantri poenapa jekti, andika tjinoendaka, lah mring poendi nikoe, Jogjaswara kagawokan, déné djoeroe simpen darbé oedjar manis, béda lan saban-saban.

Winangsoelan sarwi anoragi, inggih bapak koela kadawoehan, dateng Pasiroentjal mangké, amriksa tjatjahipoen, sangsam djaler kalawan èstri, poenapa sampoen ngrebda, béndjing woelan ngajoen, goesti karsa atjangkrama, djoeroe simpen ana karasa djro ngati, nanging sinamoedana.

Anak mantri sinten ingkang ngiring, Jogjaswara wangsoelané blaka, amoeng wong loro kantjané, djoeroe simpen mitamboeh, inggih moegi sami basoeki, rahajoea ing lampah, Jogjaswara moewoes, inggih sanget noewoen bapak, boten langkoeng koela amoeng njoewoen idi, pangèstoenipoen bapak.

Sadoeroengé wong teloe loemaris, goelang-goelang loro woes dèn oendang, mring Anggatroena linèlèr, ginala ginalemboek, kang soepaja gelem matèni, marang ing satroenira, Jogjaswara ikoe, dèn ebang-ebang sinoengan, doewit akèh lan tegal sawah njoekoepi, wong loro sroe lenggana.

Adjrih sapoe-dendaning Hjang Widi, amatèni wong kang tanpa dosa, nanging soewé-soewé lèlèh, loeloeh déning pamboedjoek, djoeroe simpen satoehoe wegig, moeloet memalad nala, wong loro gja sanggoep, njirnakken kalilipira, lega tyasé Anggatroena ngoeloengi, doewit ringgit koemrompjang.

Samaptaning sangoenirèng margi, éndjing boedalira Jogjaswara, wong loro kang ndèrèkaké, datan antara dangoe, ngambah désa ngliwati sabin, katon sanghjang aroena, nèng poetjaking goenoeng, soroté soemirat abang, amrabani sèsining rat maratani, wèh énggaring loemampah.



Tan tjinatoer rerengganing margi, gegantjangan wong teloe woes tebah, kongsi mèh asar wantjiné, karinget lir wong adoes, sikil nge-
tok ngorong kepati, rèrèn anèng beboelak, doemadakan nemoe,
ranggon santosa pinaran, anèng kono pada aso ngaring-aring, Jo-
gjaswara lon nabda.

Mring kantjané goelang-goelang kalih, kakang Setja toewin ka-
kang Djaja, jèn sami dados roedjoeké, rèhning adoh lor-kidoel,
napa boten loewih prajogi, sipeng ngriki kéwala, awit jèn sineng-
koet, badé ngambah wanapringga, lah ingrika saja sanget njoe-
melangi, wong loro saerira.

Koela kalih sami andjoeroengi, kados karsanipoen kjai loerah,
wonten ngriki sami lèrèn, sabab ngadjeng poenikoe, wana ageng
nglangoet kaèksi, bilih dipoen sengkakna, boten wandé bingoeng,
kedalon tanpa sipengan, lah saiba simané kados poenagi, déné
angsal bajangan.

Katjarita wong teteloe noeli, mboeka sanggoené pada maḍangan,
krasa nikmat pamangané, riwoesing samja toewoek, noelja pada
moedoen mring kali, adoes njenjeger awak, tjiblon ting ketjoeboek,
woesana Djajawiroena, lir ginoegah kèlingan sagoehé ngoeni, prén-
tahing Anggatroena.

Marma noeli alon abebisik, mring kantjané ki Setjawigoena, ke-
pijé karepmoe mangké, kowé rak oewis sagoeh, njirnakaké ki loe-
rah mantri, andjoemboel Setjagoena, éling sanggoepipoen, nanging
mengko tan mentala, wangsoelané Djaja sabarena ḍisik, betjik di-
pikir dawa.

Adja groesa-groesoe mematèni, bésoek jèn wis tekan nggoné kana,
anèng Pasiroentjal baé, jèn kowé karo akoe, pantjèn koedoe
anglaksanani, gampang sapa sing malang, wis moendak karoengoe,
tjep meneng dènnja rerasan, boebar adoes kateloe woes samja bali,
moenggah maring ranggonan.

Soeroep soerja ginantyan ing wengi, doek samana anoedjoe poer-
nama, kadi raina paḍangé, akèh swara karoengoe, boeron alas saba
ing wengi, karja marasing drija, Jogjaswara moewoes, sampoen agé-
agé néndra, nèk rinoendok kjainé lo salah sidji, mbok dongèng-
dongèng ta kang.

Mantri djero.

4



Goelang-goelang karo amangsoeli, njoewoen mopo ki loerah kawoela, jèn dipoen dawoehi ndongèng, nanging jèn namoeng ngroengoe, inggih remen poenapa malih, jèn saé dongèngira, boten saged ngantoeck, Jogjaswara mèssem modjar, kaleresan koela darbè dongèng apik, lah sami dèn mirengna.

XVI. JOGJASWARA ANDONGÈNG.

Gamboeh.

Kotjap djaman roemoehoen, wonten satoenggiling ratoe agoeng, asmanipoen misoewoer mring poendi-poendi, ananging panggalihipoen, tansah soengkawa kémawon.

Djalaran sang apraboe, dèrèng kagoengan siwaja kakoeng, ingkang badé ginadàng-gadàng nggentosi, béndjang ing sasoeroedipoen, mila sang nata tan pedot.

Nenoewoen mring Hjang Agoeng, kirang dahar kirang sarénipoen, meleng mantèng pangèstiné sijang latri, kagoengana poetra kakoeng, tjalon nggentosi kaprabon.


Woesana saged kaboel, pramèswari apepoetra kakoeng, tan koetjiwa bagoes sembada ing warni, ramèboe soeka kalangkoeng, jata waoe katjarijos.

Sang radja poetra sampoen, ndoengkap joeswa sataoen loemakoe, sri naréndra noenten dawoeh animbali, sakatahing para noedjoem, mjang para pandita kaot.

Dèn poendoeti pangèstoe, toewin inggih dèn poendoeti remboeg, kinèn metja paran dadosipoen béndjing, lelakoné radja soenoe, sadaja toéré lir ajon.

Matoer jèn radja soenoe, tembé badé dados ratoe agoeng, toer sinembah dateng samining narpati, nanging ladjeng wonten noedjoem, sidik ing paningal bontos.

Matoer dateng sang praboe, bilih radja poetra tembénipoen, ngantjik joeswanipoen kalihdasa warsi, tamtoe nilar garwa-soenoe, tan seneng djoemeneng katong.



Lolos datang wana goeng, dados pandita kang sampoen moengkoer, mring kadonjan tan rena mengkoe nagari, wondéné djalaranipoen, amoeng sapélé kémawon.

Sabab sang narpasoenoë, tan mentala tatkala andoeloe, kasangsaran mjang moesakatipoen djanmi, sang nata kagèt andjoemboel, miarsa wetja kang élok.

Nanging sang praboe pengkoe, ingkang poetra kedah madeg ratoe, mila karsanipoen ing salami-lami, poetra boten sinoeng weroh, datang kasangsaraning wong.

Soepados wetja waoe, saged tjabar béndjing tembénipoen, radja poetra tetepa djoemeneng adji, sakala sang praboe dawoeh, jasa ngadegken kadaton.

Inkang saklangkoeng loehoer, sarwa éndah wewangoenani-poen, wonten tengahing poelo watawis tebih, lawan datoelajani-poen, ingkang rama sang akatong.

Sareng sang radjasoenoe, sampoen joeswa djangkep tigang taoen, dipoen goelawentah wonten djroning poeri, kraton ingkang anjar waoe, toer rineksa ngatos-atos.

Abdi kang sami toenggoe, pinilih kang anom-anom bagoes, prakawoela sadaja dipoen awisi, malebet kratoning soenoë, kadjawi kang pinitados.

Déné salebetipoen, radjapoetra ngadaton neng ngrikoe, amoeng tansah ingoegoeng pinoendi-poendi, sarta saben dintenipoen, boten kénging mirsani wong.

Inkang anandang rapoeh, toewin ingkang angres-resi kalboe, ingawisan sanget wonten kaki-kaki, mjang nini-nini kang mrikoe, poenapa malih wong djompo.

Dados salaminipoen, siwajendra moeng njenjeneng kajoen, sasambèné winoelang sakèhing ngèlmi, satjaraning poetra ratoe, goeroené pengpengan jektos.

Ngantjik diwasanipoen, dèn kramakken daoep lan dyah ajoe, pinilihken poetri ingkang tanpa tanding, sami soeka galihipoen, atoet-roentoet adjedjodon.



Nadyan sang narpasoenoë, sampoen krama nanging sadjegi-poen, dèrèng naté tinimbangan ing rama dji, dados dèrèng naté ndoeloe, kaanan kang élok-élok.

Woesana radjasoenoë, noedjoe lenggah ingadep ki goeroe, doemadakan kados wonten kang andjawil, andangoë dateng ki goeroe, sababé tan kénging mijos.

Sowan ing rama praboe, kjai goeroe atoeripoen bingoeng, jèn blakaa prasasat medarken wadi, dados lémbatan toeripoen, adoh anggèr goestiningong.

Moegi jwa salangsoeroep, milanipoen padoeka sang bagoes, sroe kineker boten kénging midjil-midjil, sabab tjalon dados ratoe, poenika bilih kalakon.

Mijos saking kaḍatoen, tamtoe kaḍah sambékalanipoen, sang pangéran angandika semoe wengis, ah jèn ngaten bapa goeroe, karsanipoen rama katong.

Poenika namanipoen, boten ngretosaken jèn rinemboeg, arak malah kalintoe akosokbali, awit tijang baḍé mengkoe, nagari mjang ngrèh kaprabon.

Kedah doh sabanipoen, kedah djembar ing polatanipoen, kadospoendi sagedé soegih pangreti, jèn salawasé tan metoe, amoeng angoender kémawon.

Milané bapa goeroe, oematoera dateng rama praboe, pareng boten parenga koelarsa oening, kaḍaton saisinipoen, miwah kang dados wewengkon.

Sakala kjai goeroe, boten saged menggak karsanipoen, kalam-pahan matoer ing sri narapati, sang nata saklangkoeng ngoengoen, woesana ngantos kalakon.

Sowan rama sang praboe, sarta sasampoené tindakipoen, ngambah pradja kaḍah kang dipoen pirsani, doemadakan radjasoenoë, kagjat doek mirsani oewong.

Katingal sampoen tikloe, ramboet wanen napasipoen ngangsoer, mirsa malih tijang tjatjad warni-warni, tjalaina toewin bisoe, sawenèh boetjoe lan tjébol.



Wonten kang sakit boedoeg, tjekakipoen mangké narpasoenoë, saged mirsa kawontenaning nagari, katah ingkang karja gigoe, gila gilapen sang anom.

Ladjeng ndangoe mring goeroe, wetjanana koela bapa goeroe, lah poenapa koela poenika ing béndjing, inggih saged dados sepoeh, ragané tinon lir djrangkong.

Kados kang mlampah waoe, toewin badé pedjah dipoen koeboer, kjai goeroe goemoedjeng atoeré ririh, o goesti sadjatosipoen, padoeka inggih kalakon.

Kados kang mlampah waoe, toewin inggih saged gerah boedoeg, sami mawon oeger sipating soedjanmi, boten woeroeng tamtoe lajoe, saha anandang wirangrong.

Doek mjarsa toering goeroe, radjapoetra pasemoné soentroet, mènget ing tyas dateng pepestèning djanmi, lah poenapa preloenipoen, déné ngantos sok kalakon.

Rinéwangan lakoe doer, drengki srèi goroh oembak oemoek, sanalika panggalihé radjasiwi, tebih mring kadonjanipoen, lan loemoeh djoemeneng katong.

Nedya ngontjati ridoe, ingkang tansah angrentjanèng idoe, saha ingkang noewoehken sangsarèng oerip, tjèples kados wetjanipoen, djoeroe noedjoem mring sang katong.

Tjinendak radjasoenoë, moertja lolos saking kratonipoen, tilar garwa lan poetra kakoeng satoenggil, joeswané saweg sataoen, kaleksanan sang wiranom.

Djoemeneng maha goeroe, pinapoendi ing wong mèwoe-èwoe, malah noenten angadegaken agami, linoeri-loeri kang kantoen, mangèstoe anoet sapakon.

Wong loro pada ndjetoeng, sroe kapranan ing tjarita loehoeng, lah ing kono wong loro bandjoer njelani, witjarané semoe goe-goe, oematoer lamoen woes kapok.

Malah noeli kawetoe, ngandar wadi kang tansah kinandoet, Jogjaswara nenoetoe angga pribadi, roemasa kenèng sesikoe, éwoeh aja ing lelakon.



Nanging tandya ginoeloeng, datan nedya angontjati woewoes, goelang-goelang loro pada anoetoeri, kinèn loenga angelangoet, tan ginoegoe tyas joen tanggon.

Sanadyan antoek oekoem, lara-pati nora bakal mingkoeh, bebasané wong betjik mesti ketitik, wong ala ikoe tan woeroeng, katara gorohé melok.

XVII. SOEMEREP TJOELIKANIPOEN ANGGATAROENA.

Asmarandana.

Sawengi amerem-melik, Jogjaswara tansah nggagas, kodjoering awak wit déné, nglirwakken toedoeh soedarma, kongsi prapta bjar éndjing, klisikan baé tan toeroe, doek samana Jogjaswara.

Ing wajah soeboeh woes tangi, anggoegahi kantjanira, noeli adoes marang lèpèn, asesoetji teroes dandan, tata-tata gegawan, datan antara kadoeloe, baskara nèng poetjak arga.

Wong teloe boedal loemaris, ngambah alas tarataban, doeroeng soewé antarané, wong teloe weroeh padésan, anggrembel amandjila, ana omahé teteloe, ing kono kèh katingalan.

Kidang mendjangan lan sapi, kebo weḍoes samja aglar, Jogjaswara sakantjané, soemedyia mampir sarapan, jata sapraptanira, ing kono pada andjoedjoegi, nemoni kang darbé wisma.

Sawoesé tata alinggih, Jogjaswara atetannja, hèn paman apa wis soewé, nggonira nèng kéné pada, kang tinannja toerira, inggih radèn sampoen dangoe, nggèn koela sami ḍedekah.

Jogjaswara mèsèm angling, lah ikoe doewèké sapa, kebo sapi gedé-gedé, kidang kalawan mendjangan, aglar anèng pangonan, teka sira moeng wong teloe, ingon-ingoné ngajangan.

Kang tinannja tan mangsoeli, wit saking bingoeng ing manah, goelang-goelang njamboeng agé, sarwi manteleng kang nétra, nggretak asroe sabdanja, hèn adja koembi atoermoe, moendak bakal krasa tangan.



Balakaa baé rak wis, mangsoeli kang rada toewa, karo wél-wélan awaké, koela poenika moeng darma, kinèn tengga kéwala, ingkang kagoengan poenikoe, loerah koela ing nagara.

Djoeroe gedongipoen goesti, nama mas Anggataroena, sadaja waoe asalé, saking pisoengsoenging tijang, kang tamtoenipoen kedah, kondjoek djeng goesti kinoempoel, siningidaken pijambak.

Jogjaswara njatet batin, weroeh akalé wong tjidra, njata parigel tandangé, lajak baé Anggatroena, sèdèng nora prasadja, mangkono nggoné mrih tjoekoep, ngoemped ngapoesi bandara.

Tan dinawa dènira ngling, wong teloe samja sarapan, sarampoengé pangkat manèh, nèng marga Setjawigoena, ngrasani Anggatroena, o ngreti saiki akoe, dadiné mas Anggatroena.

Koewi wong tjidra ing goesti, ora kena dipratjaja, kabèh goroh panindaké, Djajawiroena samana, njamboengi oedjarira, lah wis toгна baé bésoek, rak bakal kawijak-wijak.

Wewadiné kang piningit, masa woeroenga konangan, hara titènana baé, sapa sing gawé djoegangan, mesti bakal keloewang, mati nèng kono ndjepoepoeng, wis adja pada dinawa.

Nèng marga datan winarni, ing wajah loehoer woes prapta, enggon kang sinedyakaké, jékoe wana Pasiroentjal, nemoni wong kang djaga, Jogjaswara gja andangoe, lah paman akoe tetannja.

Ing samengko apa oewis, ngloempoekaké reksanira, kidang mandjangan ing kéné, lawan mandjangané lanang, apa ija wis moendak, wong djaga atoeré loegoe, sarèhning kerep kinala.

Oepami dipoen djaringi, dados boten sapintena, malah katah ing kalongé, Jogjaswara tan andoega, déné kangdjeng dipatya, woes soewé tan aḍawoeh, ngoepaja kidang mandjangan.

Noeli atetannja aris, Jogjaswara mring wong djaga, sapa kang andawoehaké, wong djaga matoer prasadja, lamoen mas Anggatroena, kang dawoeh ngalani ikoe, Setjawigoena nggraita.

Lah wis ketjandak saiki, dosané mas Anggatroena, masa oraa kabelèk, tjidrané woes saja tjeṭa, bésoek tekaning mangsa, ngong atoerké kabèh maoe, Jogjaswara namboeng sabda.



Prajoginé koela sami, anjidikken tjatjahira, mangké sonten dèn njatakké, jèn sangsam djaler katingal, taksih katah nggih sida, dèn ladjengken karsanipoen, goesti badé atjangkrama.

Déné jèn moeng kantoen kedik, tamtoe woeroeng tindakira, béndjing matoer saanané, goelang-goelang ro moepakat, nora soelajèng karsa, noeli aso wong teteloe, nèng pondok ing Pasir-oentjal.

XVIII. BOELOES WADOEL.

Poetjoeng.

Kang tjinatoer, genti kotjapa ki Boeloes, ing salolosira, saking pradja antoek roentik, dèn prak-oprak tinoendoeng mring Anggatroena.

Tamboeh-tamboeh, ngendi bakal kang djinoedjoeg, dahat anlangsa, déning kapepetan boedi, soempeg djoedeg roemasa oerip tjilaka.

Senggrak-senggroek, tjarotjosan awetoe loeh, tansah ngoeman-oeman, groenengan saeroet margi, kebangeten temen kowé Anggatroena.


Teka koloe, gawé sangsara njang akoe, apa loepoetingwang, o ija ija wis ngreti, koewi rak moeng saka nggonmoe arep tjidra.

Koewatirmoe, mbok akoe ndjoer toetoer-toetoer, ngandakké sawantah, anané prakara iki, kowé mesti kadjabané kawirangan.

Ija kokoem, sabab kabèh akalanmoe, ikoe tan temenan, moeng pitenah njilakani, kowé sengit karo loerah Jogjaswara.

Pangrasamoe, angreboet kaloehoeranmoe, ija ta rasakna, bésoek piwalesé boeri, akoe trima sing momong masa trimaa.

Nèng marga goeng, lakoené tansah toemoengkoel, tan pegat anggagas, paran bisané noeloengi, leloerahé kang bakal nandang oekoeman.



Mak dat émoet, kèlingan kang anèng doesoen, jèkoe wong toewanja, Jogjaswara kang kinapti, gegantjangan ginelak lakoené prapta.

Koela noewoen, Boeloes soewarané seroe, jata kang nèng wisma, miarsa ana kang prapti, anjaoeri mangga ladjenga kéwala.

Inggang iboe, Jogjaswara noeli metoe, weroeh dajoehira, si Boeloes boengah kepati, awit bakal weroeh kaananing poeta.

Elo Boeloes, kéné loemeboea goepoeh, linggiha sing pénak, priyé rak ja pada betjik, soedarmané Jogjaswara soeng pambagja.

Priyé Boeloes, kabèh rak pada rahajoe, ana warta apa, tekamoeing kéné iki, jèn daksawang oelatmoe tan kadi saban.

Ambasengoet, sadjak anemoe bebendoe, mara gé kandaa, sate-mené adja koembi, kang tinannja atoeré semoe soengkawa.

Jektosipoen, sowan koela namoeng preloe, kadjeng koela pjambak, boten loemampah tinoeding, dateng poeta andika dyan Jogjaswara.

Wonten remboeg, kang boten ndadosken kasdoe, malah karja soesah, kagèt rama-iboe mjarsi, ana apa Boeloes lah agé kandaa.

Boeloes matoer, ngatoerken saananipoen, kalamoen kang poeta, samangké kènging prakawis, dipoen dakwa nglampahi pandamelina.

Poeroen-poeroen, asaé lan seliripoen, goesti djeng dipatya, tan wandé ingoekoem pati, inggang iboe andjelih asroe karoena.

O anakkoe, teka nglakoni tan patoet, Boeloes apa sira, weroeh asalé si selir, saka ngendi lawan sapa aranira.

Boeloes matoer, kabaripoen selir waoe, saking Soenyawenang, nanging namané tan oening, inggang iboe njamboengi patanjanira.

Nggoné ngoekoem, bésoek apa ikoe Boeloes, Boeloes tanggap sabda, bab oekoem koela tan oening, béndjing napa dawahipoen bebeneran.

Sababipoen, nalika koela tinoendoeng, késah saking pradja, boten saged amanggih, poetrandika kaselak dèn oprak-oprak.



Saja nggoegoek, panangisé ingkang iboe, kêtang tresnanira, déné soeta moeng sawidji, bakal nandang oekoem pati sija-sija.

Lesah lesoe, tanpa krekat rama-iboe, ngoengoen ing wardaja, njipta tjobaning doemadi, doek samana kang rama antoek wewengan.

Nedya temoe, kalawan kijai goeroe, pondok ing Djenggala, njoe-woen barkah mbokmanawi, bisa paring pitoeloeng mring poetrانira.

Woesing remboeg, noeli tata-tata sangoe, kang preloe ginawa, sarèhning leloengan tebih, tjékat-tjèket miranti gegawanira.

Datan ngétoeng, lelakoné kang kapoengkoer, moeng welas mring poetra, bebaja nora tinolih, wit rinasa nadyan bakal kawenangan.

Tekèng lajoe, tinemaa nora moendoer, jata woes samapta, gegawané wong loemaris, iboe-rama boedal saking wismanira.

Roentoeng-roentoeng, Boeloes ndèrèkken nèng poengkoer, lepas lampahira, gegantjangan moeng angèsti, katemoené lan kijai goeroe Djenggala.

XIX. MRIKSA PARA SAKSI.

Pangkoer.

Maingsoeli tjaritanira, sapoengkoeré Jogjaswara mring ngardi, sang dipati adedawoeh, patih pangoeloe djaksa, mas kaliwon lan para abdi kinoempoel, pepak samja aséwaka, mas Anggatroena tan kari.

Ing kono madeg pradata, sang dipati dawoeh ngadjengken saksi, mas Angga madjoe roemoehoen, nèng ngarsa gja tinannja, lah matoera mas Angga priyé weroehmoe, moenggoeh kaananing dakwa, dé sira bisa ngarani.

Jèn dakwa woes lakoe tjidra, mara terangena ingkang patitis, Anggatroena nembah matoer, goesti kaoeningana, bab poenika sampoen kajah saksinipoen, kang sami wadoel mring amba, mila tan talompé goesti.

Pawartos waoe sakala, oeloen titi kalawan lampah remit, njata



toewin botenipoen, sabab oeloen tan ndoega, déné mantri djero teka kamipoeroen, ngroesak sengkeran bandara, woesana pinanggih jekti.

Kerep sami pepanggihan, oeloen noenten midji tijang satoenggil, kang ngoelatken polahipoen, inggih kapara njata, oeloen ngantos boten mentala oematoer, solahé doek pepanggihan, awit saroe kapiarsi.

Temenipoen toer kawoela, keparenga ladjeng ndangoe mring saksi, poenika parekanipoen, poen njimas Ratnawoelan, ingkang nama poen Sailem langkoeng poendoeh, njoemerepi kanti terang, samangsa noedjoe pepanggih.

Nggènipoen sami rangkoelan, tijang kalih poen Jogjaswara toewin, poen Ratnawoelan tan rikoeh, kados sémah pijambak, sang dipati soemènteg panggalhipoen, doek mireng atoer mangkana, noeli angandika ririh.

Wis paman Anggataroena, adja sira ndawakké remboeg iki, tjoepeten samono tjoekoep, wis-wis sira moendoera, mara abdi dawoehana pada madjoe, kabèh baé bebarengan, adja saka sidji-sidji.

Djoeroe simpen noelja méntar, saking ngarsèng pradata amanggih, pra abdi kang arsa madjoe, kabèh woes ingisénan, kinetikan soepaja pada oematoer, kadi toéré Anggatroena, doek dinangoe sang dipati.

Toer sarwi kinawedénan, lamoen kongsi nora amitoeroeti, nedya dèn siksa ing bésoek, marmané samja sagah, katjarita pra abdi kang pada madjoe, marang ngarsaning pradata, ana ingkang manggedèni.

Arané Astramenggala, jèkoe goelang-goelang kang ndjaga kori, woesé pada bareng madjoe, sang dipati manabda, apa bener sira kabèh pada weroeh, njipati nggoné temonan, wong loro lakoe doeskarti.

Saksi matoer bebarengan, inggih goesti oeloen sakantja sami, njoemerepi datengipoen, Jogjaswara mring tenggan, panggih lawan njimas Ratnawoelan waoe, ndangoe manèh sang dipatya, dèk kapan sira meroehi.

Élingmoe dèk dina apa, lan djam pira nalika sira oening, sapa manèh sing pada wroeh, tekané Jogjaswara, ting palingoek kang



dinangoe samja bingoeng, rèhning atoer gegawéan, blekak-blekoek tan patitis.

Amoeng saka moendoer wirang, noeli ana kang matoer angger moeni, inggih kala dinten Saptoe, wantjinipoen djam gangsal, é kalintoe, noedjoe senèn dintenipoen, ing wantji djam nem mèh serap, Soera oegi njoemerepi.

Amargi kala poenika, noedjoe sami mlampah-mlampah tyang kalih, sang dipati gja andangoe, dina Senèn dèk kapan, lan sapréné wis pirang sasi kiramoe, Astramenggala trataban, gorohing atoer kaèksi.

Dinten Senèn kang kawoentat, kinten-kinten elet sadasa ari, kalawan djengkar poekoeloen, tindak dateng Mataram, sang dipati animbali Soera goepoeh, déné ki Astramenggala, kinèn medal maring djawi.

Ki Soera woes praptèng ngarsa, oelat bijas bingoeng rasaning ati, jèn tan matoera saloegoe, dadi aran wong dosa, jèn manoeta Anggatroena dosa agoeng, awit nindakken pitenah, ki Soera djoe-deg kepati.

Sang dipati angandika, hèn ki Soera matoera adja koembi, adja nganggo rikah-rikoeh, apa kapara njata, nalikané dina Senèn wis mèh soeroep, kira djam nem wajahira, antara sapoeloeh ari.

Lawan nggoningsoen boedalan, mring Mataram ngatoerken boe-loebekti, sira bebarengan mlakoe, karo Astramenggala, anèng dalam noedjoe pada mlakoe-mlakoe, kang dinangoe amalengak, sabab datan ngroemasani.

Ki Soera matoer balaka, dinten waoe oeloen tan saged linggih, awit saweg nandang rapoeh, déning sinépak koeda, dengkoel oeloen aboeh sakité kalangkoeng, antawis samadya tjandra, ngoender boten saged midjil.

Dinangoe manèh ki Soera, apa kowé ija anjoemoeroepi, mantri djero dèk ketemoe, karo si Ratnawoelan, Soera matoer noen inggih moeng wartosipoen, amba tan njipati pjambak, sang dipati angambali.

Ndangoe saksi lijanira, para abdi kang pada mandjing saksi, atoeré pating balekoek, kadi Astramenggala, ana ingkang ngakoe



weroeh doek loemeboe, mring toenggoné Ratnawoelan, nèng djero nora oedani.

Nji Sailem gja pinriksa, matoer barès apa kang dèn weroehi, bener nji Sailem weroeh, nalika Jogjaswara, doek rinangkoel mring Ratnawoelan sang ajoe, nanging sarwi tinangisan, malah nji Sailem mjarsi.

Pambengoking Jogjaswara, nganggo njeboet, bilih wong toewa mami, djalaran ing wektoe ikoe, nji Sailem woes méntar, maring pawon kadi adat sabenipoen, arsa wiwit olah-olah, moela nora ameroehi.

Temah sira sang dipatya, sroe këmengan mireng atoering saksi, sang dipati noelja moendoet, timbanganing pradata, mas kaliwon sarèhning dadya pisepoeh, dinangoe panimbangira, atoeré ngréwangi saksi.

Dakwa tinetepken dosa, wit mitoeroet atoering para saksi, mañteng dènira matoer, goesti panimbang amba, Jogjaswara tetep dosa nglampahi doer, djalaran kapara njata, kados atoering pra saksi.


Sadaja atoeré samja, nerangaken terangipoen nglampahi, dateng ing panggénanipoen, njaimas Ratnawoelan, déné atoeripoen poen Sailem waoe, boten kénging pinartjaja, amargi poenika goesti.

Réntjangipoen Ratnawoelan, tamtoenipoen inggih tansah ngalingi, ambijantoe loerahipoen, saha pangakenira, Jogjaswara mring sang Ratna njeboet iboe, poenika dèrèng kantenan, boten kénging dipoen tjoepi.

Sabab boten nama mokal, jèn poenika dapoer akalan goesti, kanggé noetoepe toeripoen, sampoen katawis tjidra, anetepi oengeling sloka boer koentoel, kari toenggoel tegesira, nadyan tanpa tilas goesti.

Nanging meksa tilar tapak, njatanipoen ladjeng kawartos goesti, pramila pamanggih oeloen, dakwa tetep doerdjana, Jogjaswara kedah kapatrapan oekoem, mitoeroet anggering pradja, kados kang kalampah goesti.

Woesana amba soemangga, telas tœré mas kaliwon wotsari, sang dipati dahat ndjetoeng, ngoengoen djroning wardaja, sapandoerat



tanpa ngandika ing semoe, semang andjinging prakara, tidem kang samja miarsi.

XX. TIMBANGANIPOEN PARA HAKIM.

Doerma.

Sang dipati gja andangoe marang djaksa, paran ingkang pamang-gih, djaksa atoerira, lamoen pamangih amba, nadyan atoering pra saksi, netepken lepat, nanging dèrèng njekapi.

Bilih kanggé netepken dosaning dakwa, sabab sapisan goesti, wonten saksi lija, Sailem mjang ki Soera, atoeripoen andjalari, ngèn-tèngken dakwa, déné kang kaping kalih.

Para saksi atoeripoen béda-béda, wonten kang njoelajani, poen Astramenggala, katitik gorohira, ngaken soemerep pribadi, dateng-ing dakwa, mring tengganing mbok selir.

Malah noedjoe mlampah-mlampah lan ki Soera, mangka ki Soera sakit, boten saged késah, déning sinépak koeda, landesan toering pra saksi, panoewoen amba, prakawis kirang titi.


Oeloen noewoen kabibaraken kéwala, sabab anjoelajani, angger nitidarsa, ingkang moengel mangkana, ina arta ina arti, inaning goegat, kang tanpa tanda saksi.

Koela tjekak samanten kados woes terang, bilih boten sah goesti, saksi kirang kijat, sang dipati doek mjarsa, toering djaksa kang pratitis, ledjar kang nétya, noelja ndangoe mring patih.

Prijé patih jèn saka panimbangira, teka gèsèh pamikir, panimbangé djaksa, nora absah dosanja, dadi njoewoen diloewari, prakara ébra, si kaliwon ngoekoehi.

Netepaké marang dosané si dakwa, mara remboegen patih, patih matoer nembah, kados leres poen djaksa, djalaran manawi mirid, angger drigama, poen Jogjaswara goesti.

Boten terang melok kalepatanira, mila koela ngrodjongi, prakawis poenika, ladjeng dipoen bébasna, telas atoering ki patih, jata sama-na, kjai pangoeloe ganti.



Dinangoe mring goesti paran ingkang rembag, pangoeloe matoer aris, jèn panimbang koela, nadyan poen Jogjaswara, boten absah mirit saking, angger drigama, nanging poenika goesti.

Meksa boten saged noetjèkken òirinja, bilih boten sinaring, kedah dipoen timbang, amirid oekoem adat, sabab sakatahing saksi, sampoen saéka, atoeripoen ngoenjeri.

Netepken do:saoipoen Jngjaswara, sajektosipoen goesti, sami kirang rena, moelat doemateng dakwa, mila mrih maremé sami, kedah katingal, njatané dakwa soetji.

Goesti tamtoe boten badé kekilapan, dadosipoen ing woeri, jèn boten katingal, sinaksèn ingakatah, temené poen dakwa soetji, masa sampoerna, moeng dados sekar laji.

Sabab para kawoela boten sadaja, ingkang pitados goesti, sang dipati nabda, kaprijé karepira, mara terangna toemoeli, para pradata, soepaja pada ngreti.

Ki pangoeloe samana noelja toer sembah, goesti langkoeng prajogi, prakawis poenika, ladjeng dipoen tindakna, manoet pepes-tèning gaib, dipoen pasrahna, dateng hjang Maha Loewih.

Mantri djero anoenten dipoen bektaa, dateng pinggiring kali kedoeng Panereban, béndjang jèn praptèng rika, dèn dawoehana toemoeli, njilem ing toja, toewin dipoen kantèni.

Batok bolong oegi sareng dèn silemna, kawoela sanagari, sami njipatana, naksènana pijambak, ladjengipoen kadospoendi, badé kanjatan, dawahing oekoem gaib.

Awon-saé leres lan tjidraning lampah, sadaja njoemerepi, bilih dakwa tjidra, ingrikoe katingalan, batok boten moentjoel malih, silem ing toja, ambles mring kedoeng goesti.

Déné bilih dakwa temen boten tjidra, nadyan kelem ing warih, batok bolong énggal, moentjoel malih katingal, sang dipati doek miarsi, atoer mangkana, këmengan ing panggali.

Angandika asmoe tan kapadan karsa, hé pangoeloe soen iki, sawoesé mijarsa, kabèh timbanganira, sadjatiné tansah nggalih, roewed tan manggja, pikiran kang patitis.



Sabab lamoen mirid papriksan pradata, ingsoen anajogjani, prakara koerang sah, moela prajoganira, dakwa amoeng dèn patrapi, anggering adat, kaja loewih oetami.

XXI. WIRAOETAMA KAPANGGIH ABDOEL MOEHNI.

Maskoemambang.

Kawarnaa kang samja nandang prihatin, iboe miwah rama, kadamang-darang nglaboehi, karsané arsa pepanggja.

Lawan kjai Abdoel Moehni kang palinggih, neng pondok Djenggala, wit ikoe goeroening siwi, lakoené samarga-marga.

Tan koewawa anjengka dènnja loemaris, djalaran woes wređa, doepjantoeck satengah ari, iboené sang Jogjaswara.

Krasa sajah goemremeng saeroet margi, o nggèr soetaningwang, doeroeng toetoeck nggonmoe oerip, bakal ninggal mring wong toewa.

Kebangeten temen sira wong nagari, teka pada niksa, mentala gawé prakawis, anakoe didakwa-dakwa.

Pangadilan pradata nganti matrapi, paoekoeman pedjah, adoeh memelas nak mami, priyé Boeloes njatanira.

Apa bener anakoe nglakoni sisip, o kapriyé baja, bakal woesananing woeri, doeh Allah njoewoen ngapoera.

Entènana Jogjaswara anak mami, iboe joen pepanggja, sanadyan sira ngemasi, alang-oedjoermoe weroeha.

Soekoer-soekoer si iboe bisa menangi, sadoeroengé sira, toemeka oekoeman pati, ngong sesoewoen rahajoea.

Aneng marga rawat waspa sroe matistis, jata doek samana, wong teloe nggletoek loemaris, woes antoeck lakon rong dina.

Prapteng papan kang sinedya apepanggih, lawan kang pilenggah, kjai goeroe Abdoel Moehni, katjarita doepi panggja.

Tamoe lawan kang tinamon lir wong ngimpi, tan bisa angoetjap, blangkemen kadi kinantjing, moeng pating plenggong kéwala.



Tansah sawang-sinawang djalaran saking, sami kagètira, déné ta sakalih-kalih, tan andimpé babarpisan.

Bangkit panggih lan sadoeloer kang woes lami, tan warta-winar-tan, toer kabèh djamané salin, mangka mengko dep-adepan.

Pjoehing soeka bebasan tanpa oepami, tandya rerangkoelan, saking kodengé kapati, paran marmané mangkana.

Sabab kjai ing Djengagla Abdoel Moehni, ingkang woes ka-soesra, sarta kang woes dèn goeroni, mring poetra sang Jogjaswara.

Jèkoe pangoeloening Soenyawenang ngoeni, kang nis saking pradja, djalaran dinoekan goesti, kadakwa mbijantoe karsa.

Lan kang rama mantri djero kang kaswasih, prenatal doeloer misan, dadya kasok tyasé sami, iboené sang Jogjaswara.

Senggroek-senggroek mènget lakon kang kawoeri, sarwa kasembadan, samangkja teka nglakoni, oerip tansah sesingidan.

Mboewang diri ajwa na wong kang oedani, wit dèn anggep mengsah, dadi boeroning nagari, kotjapa doek praptanira.

Para tamoe kang nemoni amoeng kjai, njai noedjoe loenga, mring kebon lan poetra èstri, angoendoehi djedjanganan.

Radèn Wiraoetama anoelja angling, astagapirolah, teka koela boten ngimpi, jèn badé kepangih kangmas.

Kadospoendi andika ladjeng nèng ngriki, koela sampoen lama, mireng pawartos manawi, ing ngriki wonten ngoelama.

Kjai ageng poetoès sakaṭahing ngilmi, nanging boten njana, djeboel andika pribadi, wit salin nama andika.

Tijang kaṭah njeboet kjai Abdoel Moehni, mangka doek nèng pradja, dados pangageng agami, nama dyan Asan Ngoelama.

Abdoel Moehni alon dènira mangsoeli, o sadasa-dasa, kedah makaten kang takdir, kawoela amoeng sadarma.

Késah koela saking Soenyawenang ngoengi, sapengker andika, koela oegi dèn doekani, mring pepoendèn Soenyawenang.

Mantri djero.

5



Malah inggih badé kinropjok lir maling, nanging tan kalakjan, wit koela woes ngroemijini, lolos tilar baléwisma.

Ing saparan-paran tamboeh koela oengsi, sangsajaning marga, boten preloe dèn rasani, wit jaji mirsa pijambak.

Tjekakipoen sareng koela praptèng ngriki, doesoen ing Djenggala, koela ladjeng moelang ngadji, moerid koela saja katah.

Ngantos kalampahan dados pondok santri, koela gantos nama, inggih kjai Abdoel Moehni, Asan Oelamané itjal.

Mila boten wonten ingkang sami oening, saking adjrih koela, manawi taksih linoeri, makaten lampahan koela.

Radèn Wiraoetama soeka ing galih, soemèh ing watjana, o soekoer parmaning Widi, basoeki saged pepanggja.

Sèmoe noewoen koela kangmas tijang kalih, lan raji andika, datang sih kadarman toewin, lelabet andika kakang.

Sasat nambak njawa koela tijang kalih, sabab doek samana, jèntan andika wartani, adoech gèk kados poenapa.

Namoeng wonten kang dados mangkeling ati, déné ndika kakang, teka katoet anglampahi, sangsara kinoeja-koeja.

Soemerepa jèn ndika katoet sinengit, ngantos dawah papa, koelarak boten gontjati, nedya poegoeh ananggoelang.

Nadyan praptèng lara-pati ngong andemi, Abdoel Moehni mo-djar, ah boten preloe pinikir, lelakon sampoen kawoentat.

Kedah namoeng soekoer doemateng Hjang Widi, wit wadjibingtitah, tetoeloeng samèng doemadi, ngentasaken kasangsaran.

Malah koela namoeng njoemelangken maring, kang moekti nèng pradja, raji ndika djeng boepati, teka gampil pinaéka.

Binaboedjoek ing abdi kang sami drengki, apangawak sétan, sang boepati kirang titi, wantoening prajagoeng moeda.

Nanging tamtoe badé kadoewoeng ing woeri, djatiné ri toewan, saé boeroes kang panggalih, saking sagedé si sasar.



Radèn Wiraoetama njelani angling, kados mèmper kakang, tegelé jaji moeng saking, katarik toer doratjara.

Lah samangké raosipoen kadospoendi, sarèhning woes lawas, kakang poenapa tan péngin, mantoek dateng Soenyawenang.

Jèn koela lan raji ndika tijang èstri, menggah jektosira, tansah nggènipoen kapéngin, kangen wangsoel dateng pradja.

Angémoeti siti woetah rah pribadi, mangka sampoen lama, boten sami njoemerepi, kawontenaning nagara.

Wit kabekta nggènipoen ngraosken siwi, mangké woes diwasa, kagjat kjai Abdoel Moehni, dé raji anjeboet poeta.

XXII. JOGJASWARA KASOEMEREPAN BILIH POETRANIPOEN RADÈN WIRAOETAMA.

Megatroeh.

Kjai noelja tanja mangké ta roemoehoen, koela kepeksa njelani, pangandikanira waoe, teka mawi angraosi, mring poeta kakoeng sawijos.

Inggang poendi koela kok dèrèng soemoeroep, wit salolos ndika jaji, rak dèrèng kagoengan soenoe, Wiraoetama mangsoeli, ngandaraken ing lelakon.

Gentènan lan garwané kongsi agaloer, poerwa madya amoengkasi, tan ana kang tjitjir toeroet, kongsi praptanirèng siwi, Jogjaswara kang rinoeroh.

Miwah kang woes dadya siswa anggegoeroe, maring Djenggala angadji, Abdoel Moehni doepi ngroengoe, andjola déné tan ngreti, woes soewé ngadji nèng pondok.

Sanjatané kabener poetrané djaloe, kadang kang binélan ngoeni, marma kagèté kalangkoeng, sarta nggraita kijai, pantes jèn ndoe-loe pasemon.

Kaja doedoe saloegoe terahing doesoen, wasana wahjaning angling, o lajak ta djroning kalboe, boten kénging dèn kikibi, sadjatiné sampoen kraos.



Namoeng kala koela takèni tan ngakoe, kentjeng ngaken toeroen tani, nanging sawang-sawoengipoen, koela sawastoe tan pangling, jèn noenggil darah sajektos.

Sabab béda katitik wadananipoen, tatakrama oelat-liring, kawatwis tjiṭakanipoen, nandakken trahing oetami, mila nalika nèng pondok.

Dadya santri pangrengkoeh koela lir soenoe, tresna lair sihing batin, gja dèn andarken sadaroem, kaanan lakoning siwi, malah nggoné arsa ngemong.

Mring poetrané kjai oega woes tinoetoer, kararantan tyasé sami, samono karsèng Hjang Agoeng, nora kena dèn wantjèni, oemat moeng koedoe amomot.

Radèn Wiraoetama njamboengi woewoes, mila poetranta nglampahi, kentjeng nggènipoen tan ngakoe, wit koela ipat-ipati, jwa kongsi ambikak wados.

Rèhning gesang wonten ing djaman pakéwoeh, sisip-sembir mbilaèni, moeroengken sakèh panggajoe, mantoe-k-mantoe Abdoel Moehni, katoewoné raganingong.

Nora weroeh lamoen ketloesoeban loejoeng, tenger-tenger tanpa angling, kaselak asenggroek-senggroek, iboe Jogjaswara nangis, mènget oekoeman kang abot.

Ingkang bakal doemawah mring poetraniipoen, kamisesegen sarja ngling, o kakang sadjatosipoen, mila koela sowan mriki, wonten prakawis wigatos.

Keparenga kakang koela njoewoen toeloeng, sarèhning poetranta mangkin, saweg kataman bebendoe, amargi kénging prakawis, dipoen dakwa lampah awon.

Nggih poenika dipoen dakwa poeroen-poeroen, ngroesoehi sengkeran goesti, lah tamtoenipoen tan woeroeng, dawahing oekoeman pati, adoech jèn ngantos kalakon.

Koela badé kètjalan anak saèstoe, mila mangké kadospoendi, amoerih prajoginipoen, sampoen ngantos dèn patrapi, oekoeman prapta ing lajon.



Kjai Abdoel Moehni moeng mlenggong doek ngroengoe, awit saka koerang ngreti, wangsoelané ragoe-ragoe, koela kok kirang mangreti, djalaran koela pitados.

Jèn kang poeta mokal gadaha watak doer, tangèh kasérénan boedi, kang nista kang andelaroeng, margi joetoené kapati, nalika taksih nèng pondok.

Dados santri wonten ngriki sanget djoenoen, toer sregep banter angadji, sapréntah koela tinoeroet, kanti legawaning ati, tanpa nggresah moeng linakon.

Mila sareng pamitan soemedy a loeroe, pasoewitan mring nagari, koela sampoen éklas toehoe, pitados tamtoe ing béndjing, katri-mah nggènipoen lados.

Sarta badé kanggep pangawoelanipoen, jektos kaboel kang pangèsti, katrimah labetanipoen, ginandjar apangkat mantri, sinampiran pangoewaos.

Praptèng mangké widada pangabdinipoen, kinasih mring sang dipati, moeng kedik soemelangipoen, wit nalika taksih njantri, soepena mendet oelam loh.

Boten dangoe noenten soemerep pepedoet, ladjeng njoemerepi api, kang poeta moeroegi latoe, nanging boten kijat lami, sanding latoe riwé gobjos.

Soepenaning poeta kang makaten waoe, nggih sampoen koela djarwani, wahananipoen ing poengkoer, badé kaboel kang kinapti, antoek pasoewitan tanggon.

Tegesipoen angsal bandara wong agoeng, nanging badé anemahi, kénging pitenahing satroe, teka mangké mahanani, tjèples petèk koela jektos.

Lagja étja dènnja sami imbal woewoes, kasaroe waoe kang prapti, nji Abdoel Moehni lan soenoe, saking kebon doepi oening, mring tamoené sakaloron.

Tan saranta anoeli rangkoel-rinangkoel, pating salenggroek anangis, njai Abdoel sarwi moewoes, o Allah sadoeloer mami, tan njana bisa tetemon.



Nji Halimah moeng ndjoto tan miloe moewoen, djalaran nora mangreti, pagéné teka kang iboe, lan dajoehé pada nangis, sireping tangis wawartos.

Kadi kang woes ingandar lan kjai kakoeng, sakala nji Abdoel Moehni, béla soengkawa asoentroet, Halimah woelsing mangreti satemah dahat roedatos.

Awor maras ketir-ketir djroning kalboe, wit djatiné sang kenja di, woes samja ndawahken woewoes, sesetyan lan radèn mantri, donja-kérat dadya djoḍo.

Tan njipta ljan moeng Jogjaswara kang kétoeng, koemantil toentoenging ati, marma tjoer-tjoeran ingkang loeh, ginagas saja ngranoehi, rinasa saja karaos.

Tan winarna kang samja nandang woelangoen, kenteling remboeg anglari, kjai njai rama iboe, nji Halimah datan kari, adoeloer lampahé boḍol.

Mring Nagara Tengah tan sangsajèng enoe, nèng marga sambèn loemaris, dyan Wiraoetama matoer, ing raka ki Abdoel Moehni, kakang bèndjang toging ngendon.

Kadospoendi badé tjara-tjaranipoen, jèn sampoen praptèng nagari, Abdoel Moehni lon soemaer, poenika prakawis gampil, nggih ladjeng sowan kémawon.

Dateng ngarsanipoen kangdjeng matoer loegoe, kados tamtoe dèn tampèni, awit koela inggih sampoen, sering-sering saos bekti, tinampèn kalajan ḍokoh.

Noewoen-noewoen kakang jèn makaten soekoer, poenapa kangdjeng dipati, kinten-kinten karsa toeloeng, paring sih saged ngloewari, oekoem kang badé ḍoemawoh.

Nalikané dyan Wiraoetama moewoes, mangkono mring Abdoel Moehni, katon lesah ngles ing kalboe, apoewara dèn wangsoeli, moeng Allah ingkang koewaos.

Bilih ingkang poeta Jogjaswara waoe, temen boten anglampahi, piawon tan tjidrèng lakoe, sawastoe manggih basoeki, antoek apoerèng Hjang Manon.



Nanging lamoen kang poetra temen lampah doer, tjidrèng ing goesti sajekti, koela boten saged tanggoeng, moehoeng dèn lilèng panggali, srahna kang moerbèng doemados.

Ingkang ageng panggali lan dipoen soekoer, Allah tamtoe mitoeloengi, sampoen soemelang ing kalboe, moegi-moegi dèn pajoengi, mrih joewananing doemados.

XXIII. JOGJASWARA DIPOEN TOEWÈNI TIJANG SEPOEHIPOEN.

Sinom.

Tan winarna anèng marga, kang samjarsa béla siwi, woes prapta Nagara Tengah, mandjing sadjroning nagari, kèh sesawangan asri, gja ndjoedjoeg ing aloen-aloen, nèng kono doemadakan, katon ana djanma siki, goelang-goelang abdiné kang mengkoe pradja.

Semoené adjaga-djaga, nganglangi mbok ana wèsti, jwa kongsi tan pinrajitna, sakèhing pakarti djoeti, lawan jèn ana djanmi, kang nedya sowan maleboe, linarangan tan kena, jata kjai Abdoel Moehni, alon dènnja tetanja mring goelang-goelang.

Ki sanak koela tetanja, poenapa samangké goesti, lenggah wonten padaleman, goelang-goelang anaoeri, inggih wonten ing poeri, lah poenapa karsanipoen, modjar kang tinakonan, badé sowan saos bekti, goelang-goelang oematoer lamoen tan kena.

Moehoeng kinèn apepanggja, kalawan kijai patih, samana tan kalajatan, samja sowan kjai patih, sawoesing tata linggih, Abdoel Moehni noeli matoer, ngandarken preloenira, wosé arsa nglari siwi, Jogjaswara kang lagi kenèng prakara.

Lan ngirid pisowanira, rakané kangdjeng boepati, ing Soenijawenang pradja, dyan Wiraoetama nami, jèkoe kang darbé siwi, Jogjaswara kang saloegoe, kja patih sroe kampita, déné njata kang kawarti, lamoen Jogjaswara trah Soenijawenang.

Kjai patih gja wawarta, maring tetamoéné kalih, samangké poetra andika, sampoen dipoen priksa titi, krampoenganing prakawis, boten sah klepatanipoen, mirid angger drigama, nanging karsaning nagari, kedah dipoen tindakaken oekoem adat.



Oetawi oekoem agama, déné nggènipoen ngrampoengi, dawah bèndjing dinten Ngahad, Jogjaswara dipoen iring, binekta dateng kali, sarta badé kinèn njemploeng, mring kedoe Panereban, namoeng samangké ngentosi, dawoehipoen goesti kangdjeng sang dipatya.

Dados dapoer kaleresan, rawoehé ki mas kekalih, kanggé djangkeping prakara, awit ladjeng saja jakin, temen njimas kang raji, boten saking ngakoe-akoe, njata bibining dakwa, Wiraoetama njamboengi, namanipoen sinten ampéjan poenika.

Kjai patih saerira, kangmas ampéjan poeniki, nama njimas Ratnawoelan, dyan Wiraoetama angling, o leres jaji patih, sadèrèk koela saèstoe, bilih poen Ratnawoelan, nalika koela tilar nis, Ratnawoelan taksih wantji prawan kenja.

Nggih poenika adi koela, kang noenggil sajarah-bibi, lega tyasé ki apatya, sakala dedawoeh maring, goelang-goelang pinidji, kinèn mring patoenggonipoen, nimbali Ratnawoelan, kériida bareng loemaris, goelang-goelang sandika toer sembah méntar.

Tan antara Ratnawoelan, woes kériid sowan kja patih, kotjap iboe Jogjaswara, doepi mjat praptaning raji, atinggal tatakrami, loemajoe angrangkoel gapjoek, dé njimas Ratnawoelan, tan èngget soebasita nir, gja noengkemi mring pangkoning kadang wreða.

Wong loro atetangisan, ting salenggroek lir kepatin, karja ngres kang samja lenggah, iboe Jogjaswara angling, hem jaji kadang mami, nora pisan angrempeloe, mbakjoemoe bisa panggja, lan sira nèng kéné iki, lah kaprijé teka kongsi dadi gendra.

Kelakon kedawa-dawa, lah apa sira tan ngreti, kalamoen si Jogjaswara, poeloenanira pribadi, Ratnawoelan mangsoeli, kalawan nangis anggoegoek, atoeré pegat-pegat, o mbakjoe gèk kadospoendi, poeloh-poeloh sampoen dados begdja koela.

Bilih koela balakaa, angaken kaleres bibi, tamtoe salah kadadosan, prasasat mboeka wewadi, mila bingoeng djro ngati, èwed aja tandoekipoen, saking djoedeging manah, ngroengkebi dawah ing pasti, amoeng ngandel koemandel pandoeming gesang.

Wit koela tansah kemoetan, sabab dipoen wanti-wanti, dateng koeloep Jogjaswara, sampoen ngantos mboeka wadi, jèn ngantosa



kawidjil, tamtoe tjilaka sadaroem, mbakjoe toewin kakang mas, boten wandé dipoen titik, jèn katitik saèstoe badé sangsara.

Gèdèg-gèdèg ki apatya, éram andoeloe kang prapti, mjang garwa Wiraoetama, dènnja tetangisan kalih, woes nggraita ki patih, jèn ikoe temen sadoeloer, dadi amoeng pitenah, pakartiné si darengki, wong tan dosa pineksa ginawé ala.

Jata lon andikanira, sadaja koela atoeri, angentosana sakedap, dèn sakétja lenggah ngriki, koela matoer mring goesti, kang liningan samja ndekoe, tandya boedal ki patya, sowan ngarsanirèng goesti, ngatoeraké kaananing dajoehira.

Tan ana kang kaliwatan, woesana sang adipati, dahat kredyating wardaja, kaworan soekoer ing Widi, noelja dawoeh nimbali, kja patih nembah oematoer, noewoen inggih sandika, nanging kala waoe goesti, sami njoewoen idi joen manggihi weka.

Dawoehé sang adipatya, ija patih soen lilani, dajoehmoe arsa pepanggja, lan anaké loewih betjik, moeng mengko jèn wis panggih, pada soen timbali mleboe, patih matoer sandika, medal ing djawi pepanggih, lan dajoehé andawoehaken timbalan.

Linilan panggih lan poeta, lan sawoesé apepanggih, kabèh samja tinimbangan, aboengah kang dèn lilani, pra tamoe samja pamit, boedal maring doenoengipoen, poeta sang Jogjaswara, goelang-goelang tansah ngiring, tan antara woes prapta ingkang sinedya.

Wismané sang Jogjaswara, katon ana wong kang djagi, patjatang tjatjah tetiga, kagèt ana dajoeh prapti, goelang-goelang bebisik, jèn ikoe wong toewanipoen, arsa tindjo mring poeta, woesana dèn atjarani, tan saranta sadaja malebèng wisma.

Jogjaswara doek oemijat, praptaning kang jajah-bibi, aboengah tanpa pepindan, mangkono oega kang prapti, rama-iboe doek oening, ing poeta soeka kalangkoeng, sakwèh roedah soeh sirna, déné boengahé kang siwi, ing sarèhning babarpisan datan njana.

Tan darbé pangarsa-arsa, wit saking tebih kepati, sarta nora toer oeninga, moenggoeh tjiptané djro ngati, soekoer nemoe basoeki, sanadyan praptaning lajoe, nora bakal toer priksa, ing rama-iboe wit saking, nora woeroeng moeng agawé ngresing drija.



Jèn ta nganti njipatana, anaké ingoekoem pati, kaja apa rasaning tyas, déné jèn woes tekèng wantji, prakara dèn rampoengi, nedya njoewoen idi mantoek, pamitan iboe-rama, djalaran oekoeman pati, sok tinari tinoeroet sakarepira.

Saoepama bisa panggja, moeng matoer rèhning woes lami, oneng koemoedoe pepanggja, sabaliné angirimi, lajang ngatoeri oening, jèn lara kebandjoer-bandjoer, madal sakèh oesada, woesana praptaning djandji, andisiki sowan pangajoenaning Hjang.

Jekti tan kalara-lara, mangkono tjiptaning ngati, woesana ing mangko prapta, tetéla jèn woes oedani, Jogjaswara toemoeli, nggaloso pangkoning iboe, nora bisa koemetjap, kang iboe andjrit anangis, dresing waspa nelesi sirahing poeta.

Sasirepirèng karoena, kang iboe ngandika aris, koelap iboenira mangkja, nganakaké sira malih, mring alamdonja iki, lah kandaa sira koeloep, adja koembi maring wang, apa bener anglakoni, wanoeh-wani ngroesak sengkeran bandara.


Jogjaswara datan ngoetjap, nora bisa amangsoeli, amoeng toemoengkoel kéwala, kamisesegen anangis, wit weroeh kang nèng woeri, kenja di patjanganipoen, sesekar ing Djenggala, kang dadi telenging ati, nji Halimah tan tebah béla soengkawa.

Roemasa banget awirang, dèn remken nétrané kalih, mangkana lotjitanira, déné nora kena kari, arep apa wong iki, ah mati saiki akoe, woesana ririh toernja, doeh iboe panoetan mami, pantjènipoen menggah kawontenan koela.

Boten preloe koela andar, padoeka tamtoe woes oening, rawoehipoen iboe-rama, lan kijai Abdoel Moehni, sagarwa-poetra mriki, ndadosaken soeka-soekoer, tjampoer gengging soengkawa, bingahing manah wit saking, koela saweg nandang doeka dipoen lajad.

Kang dados sedihing manah, wit padoeka lan kijai, dalasan sagarwa-poetra, namoeng badé njoemerepi, dawahing oekoem pati, makaten saèstoenipoen, sabab sanadyan koela, djatosé tan ngroemaosi, nandang dosa nglampahi pandamel tjidra.

Milané panoewoen koela, sadèrèngé koela mati, amoeng njoewoen pangaksama, déné anglirwakken wangsit, wani amboekak



wadi, kang boten kénging kawetoe, ngantos mangké klampahan, tapi tjobaning Hjang Widi, kang samanten terang jèn koela koewalat.

Jogjaswara noelja ngandar, nalikané apepanggih, lawan njimas Ratnawoelan, sarèhning panggih lan bibi, toer kang wadjib djinagi, dadya kerep atetemoe, tan wroeh jèn pinaéka, marang wong pangawak éblis, linapoerken ing goesti dadi prakara.

Katjégat tjaritanira, kasaroe oetoesan prapti, para tamoe tinimbalan, angadep ngarsaning goesti, sadaja samja kérid lenggah neng ngarsa toemoengkoel, sang dipati ngadika, hèn kijai Abdoel Moehni, teka lawas sira nora katingalan.

Kang sinabdan atoer nembah, barkah padoeka djeng goesti, kawoela sami rahardja, wontenipoen ngantos lami, boten asaos bekti, déning kajah ing tengadoer, mantok sang adipatya, lo mengko ta apa iki, sadèrèké kangdjeng ing Soenijawenang.

Rahadèn Wiraoetama, matoer sarja awotsari, noen inggih goesti kawoela, manawi dipoen akeni, sadèrèk sanès bibi, kalawan kangdjeng toemenggoeng, kang mengkoe Soenyawenang, déné nama oeloen goesti, ingkang soedi mastani Wiraoetama.

Karenan sang adipatya, sarta gja dedawoeh maring, rahadèn Wiraoetama, kinèn ngandaraken maring, lelakoné kang oewis, kongsi dènira dedoekoeh, neng désa mendem koela, sandika kang dèn dawoehi, poerwa madya wasana tan kaliwatan.

Kamiwlasen sang dipatya, mireng toeré kang kaswasih, sawoesé ngandar lelakjan, anoelja oematoer malih, rehning samangké goesti, poen anak kang dahat poenggoeng, dinakwa lampah tjidra, kawoela mérang tan sipi, mila oeloen labeti karaja-raja.

Soemengka pangawak bradja, angadep ngarsaning goesti, jèn padoeka tan pratjaja, prajogi oetoesan goesti, andangoe mring boepati, ing Soenijawenang goepoeh, sanadyan goesti amba, badé amanggih bilai, leboer-loeloeh donja-kérat lega lila.

Sang dipati mèsèm nabda, sampoen soemelang ing galih, waton sampoen kaweroehan, asal toeroen ndika jekti, poen Jogjaswara gampil, boten predoeli poen remboeg, djalaran tanpa lepat, moeng baé tinanda disik, temenipoen bilih boten lakoe tjidra.



Nanging mangké manah koela, sampoen boten mamang malih, kalangkoeng pangandel koela, mila prakawis poeniki, koela tjoetel tan dadi, kang sinoeng dawoeh wotsantoen, noewoen-noewoen toerira, ananging njoewoen lestari, dawahipoen oekoeman wewaton adat.

Mjang angger-angger agama, sageda njirnakken sisip, pangoeneg-oeneging katah, sampoen ngantos anabeti, woesana sang dipati, njondongi saatoeripoen, radyan Wiraoetama, tandya oetoesan ngatoeri, sang boepati kangdjeng ing Soenijawenang.

XXIV. DAWAHING KARAMPOENGAN.

Doerma.

Kawoewoesa ing pradja Nagara Tengah, ramja oentabing djanmi, wit woes ana warta, dawoehing pangadilan, kalamoen arsa ngrampoengi, prakaranira, dakwa kang lakoe djoeti.

Mantri djero dènira woes njidrasmara, lan ampéjaning goesti, aran Ratnawoelan, jata sawidji dina, ana oendanging nagari, para kawoela, kang kapéngin meroehi.

Karampoengan prakarané Jogjaswara, samja kinèn roemanti, ngloempoek dadya djoega, tinamtoe koempoelira, nèng ngaloen-aloen ngentèni, praptaning mangsa, oreg wong sanagari.

Doek samana ana pradjoerit loemampah, kawandasa watawis, asikep warastra, marang wismaning dakwa, dinoeloe karja moeriring, ing wantji éndjang, djedjel katahing djanmi.

Samja ngoempoel anèng ngaloen-aloen aglar, oemjoeng pating kalesik, arsa wroeh oekoeman, krampoenganing prakara, kang dahat ngédab-édabi, jata kotjapa, mantri djero dèn iring.

Pra pradjoerit asikep gegamanira, ingkang soemamboeng woeri, iboe miwah rama, kijai ing Djenggala, sagarwa-poetra tan kari, asmoe soengkawa, wirang moelat ing djanmi.

Samadyaning ngaloen-aloen woes sadija, wisma panggoengan tjèkli, kang binoental-boental, pinadjang ing ron-ronan, linangsé linoengsir-loengsir, asri kawoerjan, palenggahan tjoemawis.

Sang dipati tedak saking padaleman, goemaroedoeg kang ngiring, oepatjara pepak, sapraptaning panggoengan, pineṭoek para prijaji, para ngoelama, toendhoek koermat ing goesti.



Para wakil pradata woes tata lenggah, nèng nginggil angroehoeni, déné sang dipatya, inggahé mring panggoengan, ginarebeg pra pangiring, para poenggawa, kang samja ngampil-ampil.

Woes atata lenggah ingadep bebandan, para wakiling hakim, ngégla tiningalan, ing aloen-aloen pepak, lanang-wadon gedé-tjilik, oejel-oejelan, reboet nggon reboet ngarsi.

Masang karna samja ngadepken panggoengan, mrih tetéla miarsi, dawoehing krampoengan, jata tantara lama, djaksa sroe dènira angling, mring sakèh djanma, kang samja andjenengi.

Atas saking asmanira sang dipatya, koela darmi nglampahi, ajahaning pradja, koela tijang sakawan, kang dados wakiling hakim, soeka katrangan dateng andika sami.

Amitoeroet angger-anggering drigama, moegi dipoen saksèni, lamoen Jogjaswara, mantri Nagara Tengah, kang dinakwa njidrèng resmi, lan Ratnawoelan, ampéjanipoen goesti.

Pepoendèning kawoela Nagara Tengah, sarèhning kirang slesih, dèn batalken mangkja, prakawisipoen bébas, sabab panimbanging hakim, lepating dakwa, poenika boten mandjing.

Lir ampoehan soeraking para kawoela, saerpeksi noen inggih, neksèni sadaja, tjep sakèndeling djaksa, kjai pangoeloe goemanti, manabda sora, koela amoeng sadarmi.

Anglampahi ajahanipoen nagara, noeroet angger agami, toewin angger adat, koela pangoeloe pradja, dados wakiling agami, moetoes prakara, sami ndika saksèni.

Bilih mangké prakarané Jogjaswara, mantri djero kekasih, ing Nagara Tengah, ingkang sampoen dinakwa, lakoe ina njidrèng resmi, lan Ratnawoelan, ampéjaning djeng goesti.

Pepoendèning kawoela Nagara Tengah, sanadyan lamoen mirid, ngger-angger drigama, batal prakaranira, nanging ngger-angger agami, lan angger adat, kapeksa angleloeri.

Aloeraning pra leloehoer koena-koena, mangké karsaning hakim, mrih sirnaning dosa, dakwa dyan Jogjaswara, kedah kabekta mring kali, njilem ing toja, djro kedjoeng dèn kantèni.



Batok bolong dadosa pratandanira, lamoen dakwa sajekti, temen boten tjidra, batok tamtoe koemambang, boten kalelep ing warih, déné jèn njata, batok troes silem warih.

Milanipoen soemangga sadaja bidal, sageda aneksèni, temen doranira, ngrikoe badé katingal, mangga bidalan toemoeli, dateng Tjikembang, sadaja saerpeksi.

Aneksèni para kawoela sadaja, brol djengkar sang dipati, panggoengan tinilar, pra hakim mjang poenggawa, lan kang samja ngampil-ampil, laroed lorodan, ngiring kangdjeng dipati.

Tan oetjapen oentabing para kawoela, lir gabah dèn interi, sesel jel-oejelan, adoeloer roet-oeroetan, tan pegat samargi-margi, paraning lampah, noenggal sedy a mring kali.

Ing Tjikembang arsa wroeh patraping dakwa, silemé ing djro warih, kedöeng Panereban, njatakken kaélokan, paran woesananing adil, sapa kang tjidra, tan kena dèn oekiri.

Sang dipati nitih koeda tjetjongklangan, goemaroebjoeg kang ngiring, éndjingé woes prapta, ing kedöeng Panereban, wong nonton djedjel apipit, djaloe-wanita, nom-toewa gedé-tjilik.


XXV. DAWAHING OEKOEMAN.

Dandanggoela.

Tan anantara anoelja kaèksi, pra pradjoerit tjatjah kawandasa, kang ngiring dakwa lakoené, goemroebjoeg éloer seloer, sang dipati woeri namboengi, awahana toerangga, ginarbeg pra wadoe, para hakim datan tebah, praptaning gjan woes tata dènira linggih, pangoeloe matja donga.

Ngadeg anèng satepining kali, sarampoengé dènira andonga, gantya sang dipati agé, djoemeneng adedawoeh, narik genta ginojang moeni, mangka tengaranira, ajwa na kang moewoes, marma pada sanalika, djanma kèh kang goemerah nèng pinggir kali, tjep tan ana njabawa.

Amoeng kari swaraning wé mili, ki pangoeloe ngadeg sroe sabdanja, é sagoeng para sadèrèk, wit asmaning Hjang Agoeng, koela namoeng darmi nglampahi, ajahaning nagara, djoemeneng pangoeloe, dados wakiling agama, ned a moegi sami andika saksèni, wosipoen mring kang kempal.



Pra sadèrèk ingkang wonten ngriki, batinipoen dateng kang ajoga, mring boemi-langit lairé, banjoe kajoe lan watoe, lamoen Jogjaswara baresih, temen-temen tan dosa, anggènipoen njemploeng, ing ke-
doeng kelem ing toja, boten dangoe jekti ladjeng timboel malih, sareng lan batokira.

Inkang sami mjarsa amoerinding, ndjegrig kabèh woeloené ing awak, lir soewoeng angen-angené, kamiwelassen ndoeloe, marang ingkang arsa nglakoni, iboené Jogjaswara, tyasé remak-rem-poe, tan mentala njipatana, saking banget nggoné koewatir djro ati, paran woesananira.

Lamoen poetra kelema ing warih, nora moentjoel sarta beba-
rengan, lan batok bolong tan wandé, kélangan poetra kakoeng, nandang wirang sadjegé oerip, jata dyan Jogjaswara, doepi arsa ndjegoer, mring ke-
doeng tjoetjoel sandangan, moeng katokan kéwala katon mlasasih, katàh kang ngemoe waspa.

Doek samana dakwa mandjing warih, ambles djroning ke-
doeng Panereban, lep silem sirna woedjoedé, kabèh kang pada ndoeloe, megeng napas kadya mbélani, jata pangoeloe sigra, noesoel mbjoer ing banjoe, ngelemaken batokira, alon-alon silemé marang djro warih, lep dangoe tan katingal.

Ki pangoeloe anoeli ndongani, djanma ingkang samja mandeng toja, lir matawalangen kabèh, tanpa sabawa atjloem, déning banget nggoné koewatir, dalah ilining toja, mandeg tan loemakoe, wéning ke-
doeng Panereban, moeleg ing djro djeroné ngoedoebilahi, dilalah parmaning Hjang.

Batok bolong kang kelem djro warih, moentjoel ngambang lawan Jogjaswara, bareng-bareng pandjedóelé, soerak lir goenoeng djoe-
groeg, soeka boengah tyasing pra djanmi, ana kang ngoera-oera, ngidoeng melang-meloeng, kétang loewar sing bebaja, Jogjaswara gja minggah mring pinggir kali, ngaloemproek tanpa krekat.

Awak lesah kadi dèn lolos, ales-lesan laroet bajoenira, gja ri-
nangkoel mring iboené, tinangisan anggoegoek, rinarampa ginawa ngalih, mentas marang daratan, sang dipati rawoeh, sarwi paring pangandika, Jogjaswara temen sirèkoe wong betjik, setya laboeh nagara.



Gedé banget dosané si drengki, teka nganiaja wong tan dosa, moega Allah malesaké, angoekoem mring si latjoet, wong mangkono pantès sinirik, adja amor manoesa, dèn alasna patoet, kotjapa sakèhing djanma, tan saranta goemaredeg amarani, marang gjan Jogjaswara.

Asoeng salam ngrangkoel genti-genti, tan oetjapen kang woes nemoe ardja, sang dipati dawoeh agé, boebaran samja wangsoel, Jogjaswara kinèn nitih, koedané sang dipatya, rama lawan iboe, oega samja nitih koeda, lampahira nèng marga datan winarni, sapraptanirèng pradja.

Karsanira kangdjeng sang dipati, rama lawan iboe Jogjaswara, kjai sagarwa-poetrané, tan linilan oemantoeck, dinawoehan ngasokarijin, tan pareng mondok djaba, pinarnah kinoempoel, anèng djroning kadipatyan, kinoermatan minoelé ing saben ari, mrih soekarenèng drija.

Kawoewoesa kang alakoe drengki, djoeroe simpen mas Anggataroena, samana dahat wirangé, tjegah dahar lan toeroe, mempen anèng wisma tan midjil, mas kaliwon tyasira, kalangkoeng kadoewoeng, déné mbantoe si doersila, para saksi kang samja manoet si djail, tanpa wis goeng ngresoela.

Djoedeg pepet kapegatan ing sih, Anggatroena oeripé lir sarah, tanpa adji sabandjoéré, kalamangsané rawoeh, wewadiné kabèh katitik, sabab Setjawigoena, lawan kantjanipoen, kang aran Djajawiroena, mjang kang dadya pitajané angopèni, kéwané Anggatroena.

Kabèh samja oematoer ing goesti, sanalika kangdjeng sang dipatya, dawoeh anjekela agé, marang kang moerang lakoe, Anggatroena dipoen talèni, binelok kinoendjara, tangisé anggoegoek, noetoech salahé prijangga, kakoe tyasé saben dina djelah-djelih, sambat ing kadangira.

Mas kaliwon kinèn anoeloengi, kang soepaja noeli linoewaran, lawan antoeck aksamané, nanging datan rinoengoe, woes mangkono kaprahing djanmi, sapa gawé loewangan, sok malah kedjegoer, awaké déwé sangsara, Anggatroena meksa ora ngroemasani, tanpa piwelèhing Hjang.



XXVI. BABARING LELAMPAHAN.

Kinanti.

Sinigeg genti winoewoes, waoe ta kang amandiri, boepati Soenijawenang, woes lami ngerèh nagari, tan ana kang malangana, sakarsakarsané dadi.

Nanging noeli sinoeng émoet, lamoen rakané kang woes nis, rahadyan Wiraoetama, kalawan pangoeloe hakim, rahadyan Hasan Oelama, nora darbé tjipta silib.

Teka kongsi klakon koloe, mrih patiné doeloer kalih, nggoejoe oedjar doratjara, mila mangkja sang boepati, roemasa kadoewoengira, dosa geng maring Hjang Widi.

Saben sang boepati émoet, loepoeté mring doeloer kalih, ketir-ketir tarataban, tan étja dahar lan goeling, satemah tansah oetoesan, ngoelari kadang kekalih.

Kinèn ngoebres papan singoeb, djro désa djroning nagari, nanging tita tan kapanggja, ngalor-ngidoel tanpa kardi, sang boepati srce soengkawa, jata samana kang prapti.

Doemrodjog tan tjantèl atoer, ngadep ngarsa awotsari, tjoendaka Nagara Tengah, oematoer ingoetoes goesti, angatoeraken nawala, kampitèng tyas sang boepati.


Déné tan njana saramboet, sagloegoeting kolang-kaling, lamoen kadatangan doeta, serat noeli dèn tampèni, sinoekma djroning wardaja, mangkana oengeling toelis.

Ngatoeri oeninga lamoen, Nagara Tengah samangkin, wonten tijang ngaken nama, Wiraoetama satoenggil, satoenggilé ngaken nama, Hasan Oelama pra sami.

Tijang datengan woes dangoe, asalipoen tijang kalih, saking ing Soenijawenang, malah waoe kang satoenggil, ngaken doek maksih nèng pradja, dados pangageng agami.

Sang boepati soeka-soekoer, gya dawoeh mring kjana patih, kinèn sawéga ing lampah, arsa tedak sang boepati, sowan mring Nagara Tengah, manggihi kadangé kalih.

Ingkang woes dangoe linoeroe, linarah mring mantja nagri, sa-



mengko nggoné woes genah, marma lir gé-agé panggih, tindaké moeng lelantjaran, sineroe lampah glis prapti.

Kotjapa doepi woes rawoeh, sang boepati gja noengkemi, ing pangkonira kang raka, asrah loepoeté ingoeni, andongong kang sami mijat, woesana gja tata linggih.

Wong sadalem saja woewoeh, pratjajané mring dyan mantri, temen trahing kartijasa, poeloenané djeng boepati, ing pradja Soenijawenang, tjinendak kang apepanggih.

Kadipatèn ramé oemjoeng, swarané wong namboet kardi, ing daloe ana kraméan, andrawina amenoehi, ngoermati kang panggih kadang, soeka-parisoeka ngenting.

Sang dipati ngiras mantoe, amanggihaken pangatin, daoepé sang Jogjaswara, lan nji Halimah lestari, panggih nèng Nagara Tengah, pinangkoe sang adipati.

Rinengkoeh woes kadi soenoe, sarta saboebaring panggih, pangan-tyan ginandjar lenggah, déning kangdjeng sang dipati, pinangkat kapala tjoetak, jèn Djawa kapala distrik.

Katekan pangadjapipoen, Goesti Allah nembadani, kotjap rèhning woes antara, ingkang samja amartoewi, boepati Soenijawenang, njoewoen pamit sang dipati.


Woes linilan kondoeripoen, kalawan raka kekalih, binojong sagarwanira, ingadjak wangsoel mring nagri, minoeljakaken nèng kana, tinoewa tinoewi-toewi.

Mangka panebasing loepoet, doeloer kalih moekti sami, pinoendi pinda pandita, salawasé sang boepati, ngatonken sih soengkemira, moewoehi ardjaning nagri.

Mbalèni tjarita ngajoen, sapoengkoeré sang boepati, kondoer mring Soenijawenang, sang dipati gja ngrampoengi, prakarané Anggatroena, mitoeroet papriksan hakim.

Djoeroe simpen nandang loepoet, kloempoeké teloeng prakawis, sapisan kerja pitenah, ingkang mèh nemahi pati, jèn tan na pitoe-loenging Hjang, kapindo woes angopahi.

Mring goelang-goelang kang miloe, ngiring Jogjaswara ngoeni, samja kinèn medjahana, kaping teloe wanoeh-wani, ngoempetken nedya tjoelika, njolong kagoenganing goesti.



Mangkja papriksané rampoeng, tinetepken déning hakim, dosané kang rong prakara, mitoeroet angger kang moeni, oetang wirang njaoer wirang, oetang pati njaoer pati.

Nanging sarèhning tan èstoe, kalakon toemekèng pati, dèn tetepken oetang wirang, Anggatroena dèn talèni, ing ranté goeloené kekah, kairing moebeng nagari.

Rainé tjinérong angoes, ramboet tjinoekoer sapalih, dadya tononaning kajah, tinaboehan oeroet margi, oekoeman kang saprakara, dènnja tjoelika ing goesti.

Silib mbahak tjidrèng lakoe, ngakoni darbèking goesti, klebèng angger-angger awrat, sabab ing kono woes moeni, saedom araning bradja, sakonang araning geni.

Sakèpèng artaning ratoe, oekoemé koedoe pinatin, oetawa pedoting djangga, Jogjaswara doek miarsi, jèn oekoemé Anggatroena, aboté angleloewihi.

Kamiwelassen andoeloe, nadyan Anggatroena oegi, samono pite-nahira, nanging tansah dèn alingi, kadarmané mring sriranja, marmagja matoer ing goesti.

Atoeré amelasajoen, njoewoenaken pangaksami, mring dosané Anggatroena, wasana sang adipati, noeroeti paring sih marma, Anggatroena dèn patrapi.

Oekoemané moeng tinoendoeng, loenga saka ing nagari, radjabranané rinajah, ingedoemken pikir-miskin, loengané Anggataroena, tanpa kanta tanpa kanti.

Sanadyan datan kaoekoem, kinisas toewin pinitjis, nanging toemrap Anggatroena, malah abot ngleloewihi, déning koelina kapénak, mangkja tjintraka salami.

Oeripé woes tanpa doenoeng, nglambrang saparan prihatin, kotjap ki Boeloes kang setya, samana ja miloe moekti, pinaringan radjakaja, lawan wismané woes mranti.

Banget soekané djro kalboe, kerep nampani peparang, saka radèn Jogjaswara, tentrem tan sajèng ing oerip, lelaboehané kaléban, wahjoening wahjoe basoeki.




ISINIPOEN:

	Katja
I. Lampahan ingkang kineker	3
II. Kadatengan pangageng	6
III. Ambikak wewadosing lelampahan	9
IV. Jogjaswara poeroeita dateng Djenggala	12
V. Amboeka wahananing soepen	14
VI. Késah ngoepados pangawoelan	19
VII. Kaangkat dados mantri djero	22
VIII. Mantri djero dados tetindihing pradjoerit	25
IX. Ngoengsi gesang	28
X. Tanah pasoendan karèh dateng Mataram	32
XI. Mantri djero kapasrahan ngreksa padaleman	34
XII. Jogjaswara kapanggih iboe bibinipoen	36
XIII. Sang adipati Nagara Tengah nampi serat wewadoel	39
XIV. Jogjaswara badé kapriksa prakawisipoen	43
XV. Jogjaswara kairing goelang-goelang kalih kaoetoes noewèni pagrogolan ing Pasiroentjal	47
XVI. Jogjaswara andongèng	50
XVII. Soemerep tjoelikanipo Anggataroena	54
XVIII. Boeloes wadoel	56
XIX. Mriksa para saksi	58
XX. Timbanganipoen para hakim	62
XXI. Wiraoetama kapanggih Abdoel Moehni	64
XXII. Jogjaswara kasoemerepan bilih poetranipoen radèn Wiraoetama	67
XXIII. Jogjaswara dipoen toewèni tijang sepoehipoen.....	71
XXIV. Dawahing karampoengan	76
XXV. Dawahing oekoem	78
XXVI. Babaring lelampahan	81






Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

80


No. buku : 899.211.-Sas-m
Pengarang : Sastrahadiprawira Memed.R
Judul : Mantri Djero

Pembaca	tg. kembali

No. buku : 899.211.-Sas-m



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka